# Àtteb Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm

Jukki bu ñu jàppandil

Ki ko tekki mooy : Abdu Asis Mbooj
Ki ko jubbanti di : Isaa Ture
Aji-làmmiñal ji di : Amadu Jàllo (Iniwersite Seek Anta Jóob)

© Njawriñ li soloo Mbey ak Ndox mi
(Ministère de l'Agriculture et de l'Hydraulique)

ISBN 2-84240-108-5

Njawriñ li soloo Mbey ak Ndox ci Réewum Senegaal moo móollu téere bii, ak ndimbalu kopparu Njàppalante Réewum Farãs, ci lëkkaleb Njiiteefu Settantal, Pàgguteef ak Xayma (DAPS), 137 Sacré-Cœur Pyrotechnie, Dakaar

# Litéerebiëmb


## Anam yi àtte bi sosoo — 5

**TUDDE 1 : MATUWAAY YU YAATU** — 9

**Bunt 1 :** Nisër ak li war a jiitu ci doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm — 11

**Bunt 2 :** Pexe yu ñaw ñeel doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm — 14

**TUDDE 2 : LIGGÉEY, MBOOTAAY AK YËNGATU CI WÀLLU MBEY** — 17

**Bunt 3 :** Taxawaayu liggéeyi mbey ak mbootaayi liggéeykati mbey yi ci wàllu yoon — 19

**Bunt 4 :** Kaaraangeg doom-aadama yiy yëngatu ci liggéeyi mbey — 21

**Bunt 5 :** Taxawaay bi yoon jox liggéey yi aju ci wàllu mbey — 24

**TUDDE 3 : FEEMI YOKKUTE CI MBEY-ÀLL-CÀMM** — 27

**Bunt 6 :** Yeesalug mbiru suuf — 29

**Bunt 7 :** Wuutale yooni mbey yi ak liy teg ja yi (màrse yi) ci yoon — 31

**Bunt 8 :** Liggéeyu jagalub àll ak bu garab yi — 35

**Bunt 9 :** Doxalinu yokkute ñeel càmm gi — 38

**Bunt 10 :** Mën-mën ci ndox mi — 40

**Bunt 11 :** Yokkuteg matuwaay yeek liggéeyi Nguur gi ci kow gi — 43

**Bunt 12 :** Jëmale kanam yemale doom-aadama yi ci kow gi — 45

| | | |
|---|---|---|
| **Bunt 13 :** | Kaaraange ci musiba yiy wàcc ak yi mën a dab nit ki ci kow yëngoom ci mbey-àll-càmm | **47** |
| **TUDDE 4 : MATUKAAY YIY GUNGE** | | **49** |
| **Bunt 14 :** | Xibaaru mbey, yar / njàng ak tàggat ñeel liggéeyi mbey yeek yu kow gi | **51** |
| **Bunt 15 :** | Yokk mën-mëni beykat yeek yu mbootaayi liggéeykat yi, mbootaayi sosyete siwil, kolektiwite lokaal ak liggéeyuwaayi Nguur gi | **54** |
| **Bunt 16** : | Gëstu ak xelal ñeel mbey-àll-càmm | **56** |
| **Bunt 17** : | Koppar yi ñu jagleel yokkuteg mbey-àll-càmm | **59** |
| **TUDDE 5 : YENEEN MATUKAAY YEEK YI MUJJE** | | **61** |
| **Bunt 18** : | Yeneen matukaay yi | 63 |
| **Bunt 19** : | Matukaay yi mujje | 66 |

# Anam yi àtte bi sosoo

## Li ñu war a xam

Mbey mi, càmm gi, napp meek àll bi, wàll wu am solo lañuy doxal ci koom-koom beek ci askanu Senegaal. Wa aye, wàllu mbey ci boppam, dafa jànkonteek tolof-tolofi tëralin yoo xam ne doxalin yi ñu fi jot a jëfandikoo jëlewuñu leen fi. Lii moo indi dogu gu yaatu ci yeesal ak ci sàkku doxalin wu ànd ak jamono ci fànna mbey mi. Ci ñoom lañu nase Àtteb Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm, ci kow diisoo ak képp kuy yëngu ci kow gi, ak ci kuréli-bokktil yi. Péncum Ndawi Réew mi wote na ko ci bésub 25 ci weeru me 2004, ba noppi ñu dëggal ko ci bésub 4 ci weeru suweŋ 2004.

Mbey mi, càmm gi, napp meek àll bi soxal nañu 60% ci doomi Senegaal yi tollu ci liggéey. Bokk nañu ci liy indi lu xaw a tollook 17% li nuy sàkkal sunu bopp, te ba tey, ñooy wéy di doon jumtukaay yi gën a mag ci wàllu yokkute. Te nag itam, askan wi nekke ci kow gaa ngi jële li ëpp solo ci am-amam ci mbey mi.

Loolu teewul, mbey mi ci Senegaal war a songook mbër yii:
- Ñàkk a mën téye ndox mi,
- Dellu gannaaw bu tar ci wàllu nangug suuf si,
- Yoonu doxalinu suuf wu méngoowul ak li jaadu,
- Ñàkk a fullaal ni mu ware pexey xarala yi,
- Ñàkk a wuteel bu baax yi ñuy bey,
- Ñàkk soloy soppali anami yi ñuy bey,
- Sikkug téye mbiri jiwu ak li aju ci tëralinu ja yi ci biir réew mi,
- Ñàkk tàggat bu fésu beykat yi.

Li wér te wóor mooy jafe-jafe yii ñu boole yépp, fàww ñu am lu ñu daldi wàññi ci kàttanu mbeyum biir réew meek ci wàllu njaay ak njënd mi, ci digganteem ak bitim-réew. Rawatina ci wàllu biir réew mi, des gannaaw gi am ci suñu mbey mi dafa fëq nafa gi def xaalisu réew mi, di ci sànk lu am-a-am solo, loo xam ne fa ñuy mujje ak moom mooy dina jafeji ci koomu réew mi mu mën koo dékku (ci misaal at mu nekk, dinañu jéggaani 100 milyaar ci ceeb bi, 25 milyaar ci meew mi…). Gannaaw mbiru lekk yi ñuy jéggaani,

mën nañoo gis ay jafe-jafe ci fu ñuy ame mbir yi ñuy dunde, rawatina ci dëkki taax yu mag yi, loolu di leen mujj indil lekk gu baaxul ak (walla) gu doyul, ak ñàkk a am lu doy ci mbir yu ñuy soppali. Rax ci dolli, jafe-jafe yooyu dañuy gën a saxal wàññikug am-am yi, loolu di gën a taral ndóol gi.

Noonu, ci feem yi Senegaal nas ngir wàññi fi ndóol gi, dañu cee tànn ne sektëer pirimeer bi dañu koy def mu nekk xolu yokkuteg koom mu am doole, di amal ay liggéeyuwaay, ba noppi saxal yokkuteg am-am yi. Doxalin wu bees ci wàllu mbey mi dafa war a am, ngir mbeyum Senegaal ànd ak jamono, te sax ci.

Yéeney am ci Senegaal àtteb gindikaay, lu wér la ci kilifay nguur geek mbootaayi liggéeykat yi. Li ñu ci jublu mooy delloo mbey mi gëddaam, ba mu doonaat xolu askan week bu koomu Senegaal.

Noonu la Njiitu Réew mi, Abdulaay Wàdd, yëkkëtee kàddoom, ci weeru oktoobar atum 2002, bi ñuy màggal bés yi ñu jagleel waa kow gi, ne fas na yéene nas àtteb gindikaayu mbey mi, àtteb gis-gis bu sore, ngir yokkuteg mbey mi ci anam buy sax.

Kuréli beykat yi àndoon nañu ak CNCR, di wone at yii yépp ne ñoom itam dañoo bëgg a amal xalaat bu yaatoo-yaatu, ci ëllëgu mbey mi, ak bu waa kow gi. Noonu itam, weeru ut 2002 xaat, la CNCR doolel nasub àtte mbey mi ñu sumb. Doxaliin wu boole ñépp, te lu ci nekk ñu seet ko seetaat ko lañu jëfandikoo, ci bi ñuy defar àtte bii. Ci kow loolu lañu woowe ñépp ñuy yëngu ci wàllu mbey-àll-càmm (mbootaayi liggéeykat yi, kurél yi ajuwul ci Nguur gi, liggéeykati nguur geek ñu bokk ak Nguur gi, ñi ame seen liggéeyu bopp, ñiy jàpple ci yokkute gi) boole leen ci. Diisoo am na itam ci biir kurél walla mbootaayi liggéeykat yi ci dëkk-dëkkaan yi. Sóoraale na itam bu baax-a-baax yoonu desàntaraalisasyoŋ ak (walla) resyonaalisaasyoŋ ba tax mu boole ci ndaw yi ñu fal ci gox yi (diwaan yeek, kómin yeek kóminóte riraal yi). Looloo waral ñu taataan, ñu segg ak a sóoraale xalaat ak gis-gis yi bawoo ci ñépp ñuy yëngu ci yokkuteg mbey-àll-càmm. Jeexale mbind meek bokk gu, ñi ko séq ñépp bokk nañu dëggal ko, ci la liggéey bii teere. Gannaaw ay coppite yu ndaw yu ñu ci indi, ci Ndajem jawriñ yi (saŋwiye 2004) ak ci Péncum Ndawi Réew mi (me 2004), la Njiitu Réew mi joxe ndigal ci Àtteb Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm ci bésub 4 ci suweŋ 2004.

Doonte diisoo bi indiwul déggoo ci lépp, rawatina ci li jëm ci wàllu suuf si, làng yi ko séq nangu nañu ne dafa laaj ñu amal waxtaan wu xóot ci loolu, terewul mu tax ba képp ku ci bokk wax xalaatam, te ñu bind kayit goo xam ne ñépp ànd nañu ci. Àtteb Mbey-Àll-Càmm bii doon na loo xam ne dañu naan guléet ñu am ci Senegaal aw tëralin ci wàllu mbey wu waxtaan week diisoo bi yaatoo nii ! Bés ni tey, mooy xàllu yokkuteg mbeyum Senegaal, ci anam bu ànd ak gis-gis bu sore.

**Li ñu ci war a jàpp**

"Senegaal dafa tànn di jëfe gis-gis bu sore (20 at), ba tax mu xalaat sant Péncum Ndawi Réew mi mu wote Àtteb Mbey-Àll-Càmm. Yoon wii mooy sos doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm, ba noppi doon fi ñu war a sukkandiku ba nas ak di doxal ay sumb yuy dox…/… Ngir loolu mën a am, yokkuteg mbey-àll-càmm dafay tegu ci pexem bey gàncax yu bari te wuute, màggal yokkuteg li mbey mi di génne ci dayo ak baaxaay, te mu sax, ànd ceek pexem tette, yokkuteg koom mu bokkul ak mbey, ci kow gi."

## Baat yi ñu tënk (waxtaan ci)

**CEDEAO** (see-dee-aa-oo) Mbooloom koomum réewi Afrigu sowu jant : Mbooloom diwaan la mu ëmb fukki réew ak juróom mu sosu ci atum 1975. Li ko yëkkëti mooy jëmale kanam jàppoo ak dugalantem koom ci biir dénd boobu, ngir réew yi bennoo, ci wàllu koom.

**CNCR** (see-en-see-er): Mbootaayu diisoo ak jàppoo ñeel ñiy dund ci kow gi. Li ko tax a jóg mooy bey waaram ci yokkuteg mbey ngir muy yokk askan wi ci wàllu dund ak koom ñeel liggéeyi njaboot yi, te mu sax.

**ISRA** (Kurélu Senegaal biy gëstu ci wàllu mbey): Kurélu gëstu xam-xam ak xaralay jëfe la. Ñu ngi ko sos ci atum 1974, ngir xalaat, taxawal ak doxal bu baax-a-baax lépp luy gëstu gu ñeel kow gi ci Senegaal.

**ITA** (ii-tee-aa) : (Kurélu xaralay ñam) : kurélu gëstug jëfe la ngir samp ay xaralaak ay pexey coppali ak ndencum yi ñuy bey di leen dunde, te ñi ciy yëngu jox ko gëdda ci liggéeyi njaboot yi, ñiy liggéeye loxo ak boroom isin yi.

**OMC** (oo-em-see): Mbootaay giy toppatoo njaay ak njënd ci àdduna si. Mbootaayu réewi àdduna sépp la, tey toppatoo sàrti diggante réew yi ci wàllu njaay ak njënd. Li ko tax a jóg mooy ndimbal ci wàññi gàllankooru jëfllante njula.

**OMVS** (oo-em-wee-es): Mbootaay ngir amal njariñ Dexug Senegaal, te li ko tax a jóg mooy di jàpp ak di jëfandikoo, ni mu ware, xéewal yi ci dexu Senegaal ak waalo gi mu ne.

**OMVG** (oo-em-wee-see): Mbootaay ngir amal njariñ Dexug Gàmbi, te li ko tax a jóg bokk na ci taxawal yoon wi ñuy seete pexey, liggéey yi, samp xaralay aar béréb bi, gëstu ci ni ñuy def ba méngale mbey-àll-càmm ak aar li ñu wër.

**UEMOA** (i-e-mo-aa) : Bennoo ci wàllu koom ak koppar ci Afrigu sowu jant, sosu ci atum 1994, te juróom-ñaari réew yi ko bokk di jëfandikoo xaalisu seefaa (CFA).

**TUDDE BI JIITU**

# MATUWAAY YU YAATU

## Solosi

Tudde bi jiitu bii dafay leeral nisër yu yaatu yeek nisëri fànna yi, yi àtteb gindikaay bii biral ni ñoom lañu war a jiital, ak di xàll yi nga xam ne ci lañu war a tabaxe doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm, ci ñaar-fukki at yiy ñëw.



# Lituddebijiituëmb

**Tudde bi jiitu bii bunt yii la ëmb :**

- ☞ **Bunt 1 : Nisër ak li ñu war a jiital ci doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm**
- ☞ **Bunt 2 : Xàlli doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm**

BUNT BI JIITU

# Nisër ak li war a jiitu ci doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm

## 1. Libaatyiditekki

**àtteb gindikaay** : sàrt la buy leeral ab lim ci ni mbir yi war a deme ci genn fànna.
**sasu Nguur kott** : wareef la boo xam ne Nguur kott a ko yelloo
**jàppandim dund bi** : nekkin la woo xam ne kenn ku nekk dafay lekk ba suur
**mën sa bopp ci wàllu dund** : nekkin la woo xam ne réew mi dafay gën di wàññi li muy jëggaani dund ca bitim-réew

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Réewum Senegaal sàkku na Àtteb Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm ci atum 2004. Muy daldi doon céqu yokkuteg mbey-àll-càmm bi ñu war a tegu, ci ñaar-fukki at yi ci kanam. Li ñu ci boole ñiy yëngu ci kow geek mbootaayu bokktil yi, tax na mu nekk lu sosoo ci kow waxtaan wu yaatu. Doxalinu waxtaan ak ñi ciy yëngu ñépp nekk na loo xam ne àtte bi dafa koy wéyal, def ko yoon.

Àtte bii sóoraale na mbooleem yëngute ci wàllu koom, ci dëkki kow gi:
- Liggéey bi (mbey, càmm, napp, garabi àll bi, meññeefi àll bi, añs.)
- Coppalig yiy génne ci liggéeyi mbey-àll-càmm
- Njula ak yeneen xeeti liggéey yi (ndimbal lu jëm ci wàllu njàng, samp ay liggéeyuwaay, péncum mbey, xarala ci kow gi…)

Sóoraale na itam ay sas ñeel askan wi (di soññ nit ñi ciy mbooltoo, kaaraangeg askan wi, woyofal yenn njëg yi, jàpple ndaw ñiy bey ba ñu taxawal dara) ak ci li ñu wër (caytug mayteef yi, xeex ak ndànd foy-foy gi, añs.), ci biir yëngute yooyu.

Doxalinu Nguur gi ci wàllu yokkuteg mbey-àll-càmm, li ko màndargaal mooy nu ñu gën di deme rekk muy (Nguur gi) gën di rocci loxoom ci wàllu liggéey ak jëfandiku, boole ci di gën di jébbal sañ-sañ yi, mbooloonte yi, liggéeykat yi ak ñiy yëngul seen bopp. Doxalin wii dëppoo na ba tey ak xalaat yii :

- delloo liggéeyi Nguur gi ci ay sas yoo xam ne moom doŋŋ a ci am sañ-sañ (di leeral, di toppaatu ak di natt pexe yi, di settantal…),
- wéyal doxalinu Nguur gi ci wàllu desantaraalisaasyoŋ, nga xam ne li ko lal mooy jox sañ-sañ mbooloonte gox yi, ci wàllu jël ndogal, ak di saytu yenn mbir yi ko soxal,
- yokk ug tan dundug doom-aadama yi nekke ci kow gi,
- sos nekkin wuy gënal ñi bëgg a liggéey ak seen alalu bopp ci dëkki kow yi.

Àtte bi dafa ne : doxalin ak sumb yi ñeel yokkuteg mbey-àll-càmm, Nguur gee koy taxawal, doxal ko, natt ko, lépp ci kow diisoo ak mbooloonte gox yeek képp ku mu soxal, moo xam ci wàllu koom ngay yëngu, walla ci dundinu askan wi.

Àtteb Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm ak xët yi koy mottali ba ci doxalin week sas yi ñeel yokkuteg mbey-àll-càmm bi ciy juddoo, tegu nañu ci sàrtoonte yi ñu fi nas ñeel réew meek diwaan yi ci biir, ba ci yi Senegaal sàrtoonte ak yeneen réew yi ci àdduna si.

Li gën a soxal doxalinu Nguur gi mooy fexee wàññi, ba noppi jële fi ndóol, rawatina ci dëkki kow yi. Ci kow loolu, Nguur gi dafay jéem a jox nit ñiy yëngu ci liggéeyi mbey mi xeeti dundin yu leen di tax a faj, ci anam yu sax, seeni soxla, ci wàllu koom ak caada : lekk, wér-gi-yaram, dëkkuwaay, koddaay, njàng, tàggat, noflaay… Ba tey, dafay góor-góorlu ngir yegg, ci diir bu yemaay, ci dayo bu wóor ci wàllu dund (nekkin woo xam ne képp kuy doomu réew mi, dina lekk ba suur) nga xam ne dina tax réew mi mën boppam ci wàllu lekk (nekkin woo xam ne réew mi dafay wàññi lu muy wékk ay soxlaam ci bitim-réew).

Gannaaw loolu, doxaliin yi ñeel yokkuteg mbey-àll-càmm bu Nguur gi, dogu na ci wàññi ëpplante gi am diggante waa kow geek waa taax yi, ak ci diggante góor ñeek jigéen ñi, jaare ko nag ci yenn nisër yu soxal fànna yi nga xam ne am na ci yuy baamtu xalaatu doxalinu Nguur gi ci wàllu yokkuteg mbey-àll-càmm.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 5 : Wàññi ndóol gi mooy li gën a soxal Nguur gi ci doxalinam, rawatina ci kow gi. Nguur gi dafay jéem a fexe ba doom-aadama yiy yëngu ci liggéeyi mbey mi yegg ci dundin wuy tax ñu mën a faj, ci anam yu sax, li ñu war a soxla ci wàllu lekk, paj, yére, tàggat, dëkkuwaay, njàng ak noflaay. Mu ngiy yëngu itam ngir yegg ci diir bu yemaay, foo xam ne doom-aadama yi dañuy wóolu seen bopp ci wàllu dund, be réew mi mën boppam ci wàll woowu.**

**Ponk 6 : Nisëri fànna yi ci doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm ñooy :**

1. **wàññi jafe-jafe yi mën a tukkee ci gil bi, koom mi, li ñu wër ak wér-gi-yaram, jaare ko ci tëye ndox mi, bey yu bare te wuute, tàggat waa kow gi, ngir jëmale kanam kaaraangeg askan wi ci wàllu dund, dem ba réew mi mujj mën boppam ci wàllu dund ;**
2. **Yokkuteg waa kow gi ci wàllu alal ak dundin, ak taxawal àtte buy aar seenug dund ci wàllu yërmande ;**
3. **Yokk ug tan waa kow gi ci wàllu dëkkuwaay ak dundin, rawatina ci béréb ak jumtukaayi Nguur yi jàppandi ci ñoom, ci ni ñuy jagale réew mi ak li ci biiram ;**
4. **Kaaraangeg li ñu wër ak caytug mayteef yu sukkandiku ci xam bu baax ak yokk doole suuf yi ;**
5. **Taxawal pexe muy soññ boroom alal yi, ngir ñuy dugal seen loxo ci mbey mi ak ci kow gi ;**
6. **Yokk ug tan li ñu wër ak baaxaayu li ñuy bey, ngir mbey mi mën a doon xolu yokkuteg isin yeek liggéeyi xarala yi ; su ko defee, ñu gën a mën a faj soxlay ja yi ci réew meek yi ci bitim-réew (ci réew yi ñu bokkal dénd ak yu àdduna sépp).**

**Amalug nisër yii ñu wax dina bokk ci liy wàññi ëpplante gi am ci diggante waa kaw geek waa taax yi, ak diggante góor ñeek jigéen ñi, ak it wàññi ba noppi jële fi ndóol gi.**

## BUNT 2

# Pexe yu ñaw ñeel doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm

## 1. Libaatyiditekki

**pexe mu ñaw** : gindikaay la buy tax ni ñuy defe gën a baax
**musiba yu tukkeewul ci doom-aadama** : metit walla naqar yuy dal nit ñi, waaye newuñu lu doom-aadama def
**koomu ja** : xeetu jëflante bu sukkandiku rekk ci definu joxe ak laaj
**toolu mbey** : ab dénd la bu yëngute ba ñu fay def di mbey kese
**jëmmal ci yoon** : taxawaay, nekkin wu dëppook yoon ci askan wi, di lal yooni doxalin yi
**njàpple mi** : dénkaane ndombol doxalin ci fi gën a fare suuf, ci wàllu Nguur

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Daxalinu Nguur gi ci wàllu yokkuteg mbey-àll-càmm a ngi lëkkaloo ci yenn pexe yu ñaw yuy sukkandiku ci xalaat yii :

- **njariñ ci wàllu koom**, di laaj fànna gi tax ñuy wax yokk li muy jur, gëna ëpp njariñ, te mbir yi ciy bawoo gën a mën a joŋante (gën a mën a diirante mbagg ci ja bi). Ci loolu, Nguur gi dafay yombalal ñiy liggéeye seen xaalisu bopp, ñuy gën a dugg ci dëkki kow yi, jaare ko ci sos yoon ak ay sart yu leen ciy sawarloo ;
- **yemale doom-aadama yi**, ngir wànñi wuute yi am ci diggante góor ñeek jigéen ñi, dëkki kow yeek taax yi, te ñépp bokk yem ci liggéeyuwaay yeek bépp xéewal bu bawoo ci Nguur, añs. ;
- **gudd fanug li ñu wër**, nga xam ne dafay laaj caytug mayteef yeek li ñu wër, ame ko noo xam ne dañuy aar li fi nekk, ngir suñuy doom fekk fi dara ëllëg ;




- **koomug ja**, maanaam li ñuy jëflantee ngi gën a sukkandiku ci joxe ak soxla yi ;
- **desantaraalisaasyoŋ,** aw ko ci di gën di jébbal mbooloonte gox yi yenn sañ-sañi doxal ;
- **jiital mbooloonte gox yi**, mbootaayi beykat yi ak yu sosete siwil bi ;
- **sos ci biir UEMOA ak CEDEAO,** ja bu ñépp bokk, déggoo, diggantey réew yu maasale seeni doxalin ci wàllu duwaañ, njëg yi, doxalinu njaay ak njënd, te sàmm kaaraangeg dem ak dikkub nit ñi, àlal ji, xaalis bi, ci benn dénd bu ñépp bokk ;
- **mbooltoo**, di laaj dimbalante ci yërmande ak di lëkkale doole yi réew yi am ;
- **lëngoo bi**, di laaj booloo góor-góorlu, ngir àntul am mébét, rawatina diggante Nguur, operaatëer ak sosyete siwil ;
- **njàpple mi**, di xalaat boo xam ne dafa indi ne : sañ-sañu doxal, ci wàllu Nguur, dañu koo war dénk fi gën a fare suuf ci Nguur gi, te mën koo doxal ci anam yu mucc ayib.

Doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm, mu ngi tënku ci fukki pexe yu ñaw ak juróom yu aju li ci ëpp solo ci :
- faydaal liggéeyi mbey mi, mu jar ko, ñu nangu ko, ñoom ak kuréli ñiy liggéey ci mbey, kaaraangeg lépp luy yërmande, dundinu ñiy liggéey ci mbey mi, ak gën a yemale waa kow gi ci wàllu dundin ;
- xàll yoonu àtte woo xam ne dafay yombal yokkuteg fànnay mbey-àll-càmm, rawatina ci mu jaare ko ci jëmmal, ci wàllu yoon, taxawaayu ñiy yëngu ci wàllu mbey ak yeesal yi aju ci caytug suuf si ;

- di leeral ak di jëfe ciy fànna doxalin yu bees te mën a yombal yokkuteg mbey-àll-càmm niki doxalinu yokkuteg càmm gi, am mën-mën ci ndox mi… ;
- di sóoraale lu jëm ci ndog yi mën a am, ci wàllu mbey-àll-càmm ;
- yenn matukaay yi ciy ànd : xamle ci wàllu mbey mi, tàggat bi, gëstu gi, koppar yi…

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 8 : Yii ñooy pexe yu ñaw ci wàllu doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm :**

**- yoon nangu na liggéeyi mbey yi ak mbootayi liggéeykati mbey yi ;**

**- kaaraangeg dundinu doom-aadama yiy yëngu ci liggéeyi mbey ;**

**- taxawal ci yoon jëmmub bérébi liggéeyuwaayi mbey yi ;**

**- yeesal yoonu caytug suuf si ;**

**- yokk xeeti li ñuy bey, boole ci mbir yépp ñuy jaar ci wàllu mbey ba noppi awale yoon ja yi ;**

**- liggéeyu àll beek la ñu fa tëral ;**

**- doxalnu yokkuteg càmm gi ;**

**- am mën-mën ci ndox mi ;**

**- yokkug matuwaay ak liggéeyuwaayi Nguur gi, ci kow gi ;**

**- dollee bokk yemale nekkin wi ci kow gi ;**

**- kaaraange ci musiba yiy wàcc ak loraange yi mën a dab ñiy yëngu ci wàllu mbey-àll-càmm ;**

**- dooleel xamle ci wàllu mbey, njàng ak tàggat ñeel liggéey yi aju ci mbey ;**

**- yokk mën-mëni mbootaayi beykat yi, mbootaayi sosyete siwil yi, mbooloonte gox yeek liggéeyuwaayi Nguur gi ;**

**- yokk gëstu geek xelal ci wàllu mbey-àll-càmm ;**

**- def ay koppar ci yokkuteg mbey-àll-càmm.**

TUDDE 2

# LIGGÉEY, MBOOTAAY AK YËNGATU CI WÀLLU MBEY

## Solosi

Tudde 2 bi dafay wax ci taxawaayu nit ñi, mboolooy nit ñi mbootaayi liggéeykat yi ñuy wax ci àtteb gindikaay bii. Bokk na itam ci li muy indi, taxawaayu Nguur gi ci diisoo bi ak ay sasam ci kaaraangeg nit ñiy yëngu ci liggéeyi mbey.



# Litudde2biëmb

**Tudde 2 bi bunt yii la dajale :**

- ☞ **Bunt 3: Taxawaayu liggéeyi mbey ak mbootaayi liggéeykati mbey yi, ci wàllu yoon**
- ☞ **Bunt 4: Kaaraangeg doom-aadama yiy yëngatu ci liggéeyi mbey**
- ☞ **Bunt 5: Taxawaay bi yoon jox liggéey yi aju ci wàllu mbey**

**BUNT 3**

# Taxawaayu liggéeyi mbey ak mbootaayi liggéeykati mbey yi ci wàllu yoon

## 1. Libaatyiditekki

**ndimbalu Nguur gi** : ndimbal lu tukkee ci Nguur gi walla ci dooley askan wi
**lëkkaloo** : mbooloom ay mbootaay yu tégu ci yoon (ay làngi polotig, ay mbootaayi liggéeykat, añs.) mbaa ay réew
**xeetu yoonu liggéey ak isas ya** : mbooleem yëngu-yëngu, yu lëkkaloo, aju cim mbir walla fànnay liggéey
**jàppoo** : pexe muy dajale ay doom-aadama yuy jëflante, ngir amal dara (ab sumb, ab yëngu-yëngu)

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Lenn ci li gën a am solo ci yu bees yi Àtteb Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm mooy : leeral taxawaay bu yoon nangu, aar ko, mu ñeel liggéeyu mbey ci anam yu yaatu (yëral li ñu wërale, ponk 9) ak jëm-kanamug mbootaayi beykat yi. Njariñ li ci yoon jëmmal ñaar la : li ci jëkk, ñépp la soxal (góor, jigéen, ndaw lu tollu ci liggéey) ; leneen li, dafa leen di ubbil yoon wi, ci lu amul xejj ak seen, ba xéewal yi dëppook li yoon maye ñu mën leen a yóotu ci wàllu doxalin ak sumb yi ñeel yokkuteg mbey-àll-càmm te aju ci Nguur gi.

Gannaaw loolu, bés ni tey, nangul nañu doom-aadama yiy yëngu ci mbey, ñu sañ a booloo ciy mbootaay (mbootaayi liggéeykat, mbooloom mbootaay, mbootaayi ñuy liggéey ci fànna yu wuute), ngir aar seeni teraanga ak baaxe seeni ñoñ ay liggéey.

Mbootaayi liggéeykati fànna yu wuute mën nañoo taxawal, ni mu leen soobe see, yoonu bopp :

- dëkkuwaay walla liggéeyuwaay ;
- meññit, yoonu liggéey ak liggéey.

Mën nañoo sóobu itam ciy yëngute ci wàllu jàppoo ak seeni ñoñ ci réew yi féete ci wàll wii, walla ci àdduna sépp. Gannaaw loolu, bépp bànqaas bu aju ci Nguur gi (njawriñ li ŋank fànna gii, liggéeyuwaayi Nguur gi ñu tas ci réew mi…), te doxalinu yokkuteem ci wàllu mbey-àll-càmm soxal ko, na taxawal ay yooni diisook mbootaayi beykat yi, bu noppee, mu jublu ci lu leen di gën a doxal. Li ci jiitu mooy, Nguur gi, bi mu diisook ñi mbir mi soxal, càmbar na taxawaay yi kuréli beykat yi am ci wàllu yoon, ba noppi defaraat leen ba ñu gën a baax. Nangu ne mbootaayi beykat am nañu, romb na wàllu yoon kott. Li ci nekk mooy, ci kow diisook ñi mu soxal, Nguur gi dafay taxawal pexem ndimbalug Nguur gi ngir mu jàppale leen ci wàllu xaalis, ci kow ñu sàmmoonteek tëralin ak jëmmal mbootaay yi.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 9, dog 1 ak 2 : Liggéeyi mbey ci gis-gis bu yaatu (ñiy bey, sàmm, jëfandidoo koomi àll bi, ñiy napp, way-xarala yi ci kow gi, añs.) ak mbootaayi liggéeykati mbey yi, am nañu taxawaay bu yoon nangu ba noppi aar ko.**

**Taxawaay boobu dafa yemale ba noppi jagleel ko góor ñi, jigéen ñi ak ndaw ñi tollu ci ati liggéeyi mbey.**

**Ponk 10, dog 1 ak 2 : Doom-aadama yiy yëngu ci liggéeyi mbey mën nañoo dajaloo ciy mbootaayi liggéeykati mbey, deme ni mbooltoo-mbootaay, kuréli liggéeykat (sendikaa), mbootaayi liggéeykat yi bokkul fànna yu ñuy yëngu, añs. Mbootaayi liggéeykati mbey yii dajale nañu nit (doom-adama ci jëmmam) ak lépp lu koy jëmmal, fas ci yéenee bennoo, ngir taxawu kaaraangeg njariñ lu ñu bokk ak di baaxe seeni ñoñ ay xéewal.**

# BUNT 4

# Kaaraangeg doom-aadama yiy yëngatu ci liggéeyi mbey

## 1. Libaatyiditekki

**kaaraangeg doom-aadama** : pexem yiir ay liggéeykat ci yenn tolof-tolof yi leen mën a dab, ci biir liggéey bi ak yenn jafe-jafe yu aju ci dund gi
**tëralinu kaaraangeg askan** : mbooleem tëralin ak anami doxalin yuy lal kaaraangey askan wi
**dëggal ab àtte** : seede ne taxawal nañu ab àtte ba noppi siiwal ko (ci Njiitu Réew mi lañu koy wax)

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Ni yeneen liggéeykat yi (ñiy liggéeyal nit mbaa seen bopp, ñiy liggéey ci Nguur gi, liggéey yi nit ki di demal boppam…), ñiy yëngu ci liggéeyi mbey, ñoom itam, noonu lañu ame kaaraange bu àtte bii sottee.

Baatu kaaraange askan wi dafa ëmb melo yu bari, tey am ci anam yu wuute : kaaraange ci ndogu-liggéey, ndogu-wopp, *àllaaterete*, ndàmpaayu njaboot… Waaye, ak nu mu mën di mel, walla anam yu mu mën di ame, kaaraange-askan wi dafay fekk nit ki doon teg xaalis lu jiitu loolu.

Bi àtteb gindikaay bi ñeel mbey-àll-càmm sottee, li bees ci fànna bii mooy, kaaraange askan taxawal nañu ko, ba noppi jëfe ko. Nisër gi mooy ñiy yëngu ci kow gi jote ci matuwaay yi ëpp solo ak jubbanti ñàkk a yemale gi amoon ci diggante xeeti liggéeykat yi ci askan wi.




Tëralin wii, Nguur gi dafa ciy jàpp diiru juróomi at yu jëkk yi ñu koy doxal. Fi ñu tollu nii, li aju ci li mu ëmb walla ni ñu koy tërale mbaa ni muy doxe leeralaguñu leen.

Dëgg-dëgg doxalin wi, li ko tax a jóg mooy wottu ñiy liggéey ci wàllu mbey ñu mën fee bawoo bay aar seen bopp, aar seen njaboot ak seen am-am ci yenn loraange, ci àdduna si : wopp, génn àdduna, gaañu ci biir liggéey, màggat…

Looloo waral Nguur gi, ci sasu kaaraange askan wi, ubbil ñiy liggéey ci wàllu mbey bunt bii.

Ci kow loolu, ci doxalin wu ñu bëgg ñépp bokk ci, Nguur gi lëkkaloo na ak mbotaayi liggéeykat yiy yëngu ci mbey, taxawal palaŋu jëfe doxalinu kaaraange askan wi ñeel liggéey yi aju ci mbey. Palaŋ bii dañu koo taxawal ci diirub ñaari at, dale ko ci bés bi ko Njiitu Réew mi dëggalee sàrti bi.



## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 14: Doom-aadama yiy yëngu ci liggéeyu mbey jagleel nañu leen kaaraange-askan wi, ni ko yeneen liggéeykat yi ame.**

**Doxalinu kaaraange-askan wi ñeel mbey-àll-càmm sos nañu ko ba noppi di ko jëfe. Nguur gi jàpp na ci doxalin wii diirub juróomi at yu jëkk yi, dale ko ci bi ñu tàmbalee di ko jëfandikoo.**

**Ponk 15: Nguur gi, gannaaw bi mu diisook mbootaayi ñiy liggéey ci fànnay mbey, taxawal na palaŋ bu muy jëfandikoo doxalinu kaaraange-askan wi ñeel mbey-àll-càmm, ci diirub ñaari at, dale ko ci bés bi ñu dëggalee àtte bii.**

**BUNT 5**

# Taxawaay bi yoon jox liggéey yi aju ci wàllu mbey

## 1. Libaatyiditekki

**kod bu ñeel liggéey bi** : mbooleem li yoon tëral ci wàllu liggéey (cim réew)
**ëmbin (li ñu liggéey)** : lëmës ak aar mbir mu ñu war a jaay
**sàrtoonteb njaatige ak surga** : déggoo gu wér diggante liggéeykat ak ki muy liggéeyal ci kow yoonu àtteb liggéey
**ayu diirug dund** : ni mbir yiy teglantoo ci biir ug dund (gàncax walla mala)
**li ñuy liggéeye** : mbir walla jumtukaay yu ñuy dimbali ba ñu mën a liggéey (suuf, ŋoos-ŋoos, masin, matuwaay, dooley liggéeyu nit ki…)

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji


Leneen lu bees li ci àtte bi jublu ci wàllu taxawal mbey-àll-càmm ci Senegaal moo di leeral ak samp, ci lu bir, taxawaay bu aw yoon, ngir liggéeykati mbey yi, jox gëdda gi mu yelloo liggéeyi mbey ci Senegaal, ci nangu leen ci anam yu wér, sàkkal leen jëmm ci wàllu yoon.

Ngir gën a xamle jëmm ji yoon jox liggéey yi aju ci mbey, baat yu bari yu am solo, bokk ci xeeti liggéey yi, dañu leen tekki bi àtte bi teesee. Yi ci ëpp solo ñooy :

- liggéeyu mbey, lenn la lu am lépp luy tax a mën a liggéey (suuf, tabax, jur, jumtukaay, liggéeykat…) te kenn di leen jëfandikoo ci mbey ;
- liggéeyu mbeyu njaboot gi, mbey la moo xam ne ñu ngi koy nas mu sukkandiku ci njaboot gi, nga xam ne ñi ciy yëngu ñoo nasal seen bopp li ñu séq ni mu leen soobe, te wékkuwuñu ci Kod bi ñeel liggéey bi ;



- liggéeyu mbeyu isin ak yaxantu, liggéeyu mbey la mu ñépp walla kenn moom, di ko saytul boppam, wallab sosiyete bu am koppar, muy wut liggéeykat yu muy fey, te wéeru ci Kod bi ñeel liggéey bi ak sàrtoonteb njaatige ak surga bu fiy dox ba tey ;




Niki noonu, ab sartoonte bu taxawal liggéeykatu ku dul ci njaboot gi ci liggéeyu mbey jaboot, Nguur gi dina ànd ak mbootaayi liggéeykati mbey yi, nas ko.

Ngir yombal ràññatleg li wër liggéeyub mbey, ñetti fànna lañu génne : yëngu yi jëm ci wàllu mbey, yëngu yi jublu ci ni ñuy def ba yokk diir bi ñuy liggéey ci mbey mi (soppali, lëmës, dencin, rënk, njaay), yëngatu yiy mottali,

maanaam yi nga am ne ci mbey lañu wékku (arala gi, wëraan miy dëñsi kumpa kow gi, liggéeyaan yi…).

Ci diggante doom-aadama yi, Nguur gi dina taxawal pexem ndimbalante ci wàllu xaalis, ngir ñiy liggéey ci mbey ak mbootaayi beykat yi dogu, sukkandiku cib sartoonte, ngir amal ay yëngu, ci caytug mayteef, ci anam bu sell te sax.

Ngir ñu mën a joŋante, njaboot yiy bey, boroom isin yeek jaaykat yi ñu ngi leen di digal ñu yeesal jumtukaay yi ñuy jëfandikoo, di liggéey ci anam yu gën a baax, tey jëfandikoo xaralay caytu yi ànd ak jamono.

Léegi, ndegam dafay gën di laaj ñuy yeesal li aju ci mbey mi, Nguur gi, ci kow mu déggoo ci ak liggéeykat yi mu sɔxal, dafay amal càmbarug lépp lu taxawaayu yoon indi ci liggéeyi mbey, ba noppi jublu ci dëppale leen ak jamono, ci diirub ñaari at, dale ko ci bés bi ñu dëggalee àtte bi.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 17, dog 2 : Nguur gi dafay taxawal, ci diirub ñetti at, dale ko ci bés bi ñu dëggalee àtte bii, pexem ndimbal ci wàllu koppar ñeel beykat yi ak mbootaayi beykat yi nangoo amal ay yëngu ci wàllu caytug mayteef, ci anam yu sax, rawatina lu jëm ci kaaraange ak ci suqali suuf si, njëmbatum garab, xeex daay, defar yuy feg suuf si ci ngelaw li, añs., ni ñu ko séentoo ci ponk 73.**

**Ponk 21 : Nguur gi, ci kow bi mu diisook ñiy yëngu ci yokkuteg mbey-àll-càmm, amal na càmbarug lépp luy jëmmal, ci wàllu yoon, beyukaay yi ak seen dëppaleek jamono, gannaaw ba mu yeesalee mbeyin wi, ci àppu ñaari at, dale ko ci bés bi ñu dëggalee àtte bii.**

TUDDE 3

# FEEMI YOKKUTE CI MBEY-ÀLL-CÀMM

## Solosi

Tudde 3 bi dafay wax ci feemi yokkute ci mbey-àll-càmm, nga xam ne Nguur gi nangu na ne dafa laaj ñu leeral doxalinu caytug suuf si, ba noppi jublu ci yeesal li àtte bi tëral ci wàllu caytug suufi réew (domen nasyonaal) miy tëral ni ñuy joxee suuf.



# Litudde3biëmb

**Tudde 3 bi bunt yii la ëmb :**

- ☞ **Bunt 6 : Yeesalug mbiru suuf si**
- ☞ **Bunt 7 : wuutale, yooni mbey yi ak liy teg ja yi (màrse yi) ci yoon**
- ☞ **Bunt 8 : Liggéeyu garabi àll ak jagalub àll yi**
- ☞ **Bunt 9 : Doxalinu yokkuteg càmm gi**
- ☞ **Bunt 10 : Mën-mën ci caytug ndox mi**
- ☞ **Bunt 11 : Yokkuteg matuwaay yeek liggéeyi Nguur gi ci kow gi**
- ☞ **Bunt 12 : Gën a yemale doom-aadama yi ci kow gi**
- ☞ **Bunt 13 : Kaaraange ci musiba yiy wàcc ak li mën a dab nit ki ci kow yëngoom ci mbey-àll-càmm**

# BUNT 6

# Yéesalug mbiru suuf si

## 1. Libaatyiditekki

**njoxem suuf si** : suuf si mënees na koo jël joxaat ko keneen
**njoxem suuf mu ñu séq** : am njoxe la mu kilifa yi di wottu ak a yemale
**toogadig suuf** : li suuf si mën bawoo ci loxoy liggéeykat jàll ci yu keneen
**yeesal yi aju ci suuf** : coppitey sart yi jëm ci suuf si
**joqalante ci ndono** : li ñu mën a joqalante suuf si ci kow ndono

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Li jêm ci mbiru suuf, nekk na li gën a doy waar ci li réewum Senegaal jànkoonteel ci jamono ji muy moom boppam.Yeesal bi àtte domen nasyonaal indi ci atum 1964 dafa ittewoo ñu fexe ba ñi ëpp ci waa kow gi jot ci suuf si ; mu nekk jéego bu am solo ci pajtalug réeroo yi daan faral di am ci kow gi. Dafa dàq ba fàww yooni aada, daldi indi yellub jëfandiku, muy xéewal ci doom-aadama yi am mën-mënu jariñoo ko. Ci noonu la suuf si nekke loo xam ne ñépp a ko bokk, te kenn mënatu koo aakimoo.

Waaye, bi mu demee ba am ay at, lañu seetlu ne dëppoowul ak li askan wi doon xaar dëgg. Maanaam jafe-jafe yi ci wàllu suuf danoo gën a tar, bi ñu indee pexey yokkuteg kow gi. Fi coow li nekk mooy fexe ba sàmmonteek yelleef yi ci wàllu suuf, boole kook di fexee yemale ñépp, ngir ñu jot ci suuf si. Benn ci bunt yi ëpp solo ci yi àtte bii ubbi mooy wax ne taxawal nañu doxaliin wu bees ci wàllu suuf ak yeesal gu yaatu ci caytug suuf si. Ci kow loolu lañuy yóbbu ci Péncum Ndawi Réew mi ab àtte buy yeesal mbiri suuf, ci àppub ñaari at, dale ko ci bés bi ñu dëggalee àtte bii.

Doxalin wii ci wàllu suuf dafay tënk àqi nit ñi, beykat yi ak askan wi, ci suuf si, jublu ci jubbanti rëq-rëq yi amoon ci àtteb domen nasyonaal. Su ko defee, dinañu mën a jublu ci yeesal anam yi ñuy jëfandikoo xéewal yiy màcce ci mbey-àll-càmm. Looloo waral doxalinu suuf si dellusi ci yenu xalaat yi ci sartu domen-nasyonaal. Doxalin ci mbiru suuf see ngi sukkandiku ci xalaat yii :

- kaaraangeg yelleefi waa kow giy jëfandikoo suuf si ak yu askan wi nekk ci kow gi, ngir liggéeykat bi mën a dugal xaalisam ci anam yu ànd ak kaaraange ;
- njoxe mu ñu séq ngir suuf si mën a bawoo ciy loxo dem ci yeneen (njaay, luyaas, able…). Ci kow loolu la liggéeykat bi am sañ-sañu joxewaat suuf si, ci anam yi ñuy indi ci wàllu njoxem suuf si ;
- donnante suuf si, ngir ñaax nit ñi ñu mën a def alal ci anam yu mën a sax ci toolu njaboot gi. Xalaat mii dina tax ba boroom tool mën a am ku donn suufam ;
- tayle suuf si ngir mën a leb bor. Genn ci xéewal yi ci yeesal bii mooy ne beykat bi mën na tayle suuf si, ngir leb ci kuréli xaalis yi.

Nisëri yeesal bi ci wàllu suuf mooy dañuy daje ci li wër ñetti ngér yii di : 1) kaaraangeg suuf si ; 2) ñaax nit ñi ñu dugal seen alal ci mbey mi ; 3) joxe xaalis ak teg ñu xereñ ci liggéeyukaayi Nguur geek kolektiwite lokaal yi.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 22, dog 3 : Nisëru yeesalu doxalinu suuf si mooy : kaaraangeg liggéeyukaayi mbey mi, nit ñi ak kóminóte riiraal yi, ñaax boroom alal yi ñu dugg ci mbey mi, jox Nguur geek kolektiwite lokaal yi alal ak liggéeykat yu xereñ, ngir ñu am caytu gu aw yoon, yemale ñépp, te mu sax, ñeel mayteef yi ak woyofal jafe-jafe yi aju ci mbirum suuf si mën a indil yokkute mbey mi, ci kow gi, taax yi ak isin yi.**

# BUNT 7

# Wuutale yooni mbey yi ak liy teg ja yi (màrse yi) ci yoon

## 1. Libaatyiditekki

**kilifa (Nguur) gi yelloo**: kilifa gi war jël ay dogal ciy fànna
**bunt**: béréb boo xam ne am mbir, am njaay, mënees na faa jare
**luuma** : (baat buy tekki ja bu mag bu am ayu ci yenn kàllaamay Senegaal) : ja bu mag, benn bés ci ayu-bés gi muy dajale askanub komin walla kóminote riraal bépp ci jamono yii ci Senegaal
**anamu liggéey** : tëralin, sart, indi ni ñuy liggéeye
**jàppaleg woyofal** : ndimbalug koppar la guy tukkee ci Nguur gi wallab liggéeyukaay, ngir yombal doxalug sumb wallab yëngu-yëngu (li ci ëpp dafay faral di doon njariñu ñépp)

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Wuutale xeeti mbey yi, pexe la ngir fanq tolof-tolof yi mën a indiy yàqu-yàqu ci wàllu mbey mi. Li ci nekk mooy, ci wàllu réew mi, dina am lu mu dolli ci am-amu waa kow gi ak kaaraangeg réew mi ci wàllu lekk.

Ci wàllu jëflanteek bitim-réew, dina tax, ci genn wet, bu ñu fajee soxlay askan wi, di gën a wàññi lekk yi ñu daan jëggaani, te ci geneen wet, dina indi yokkute ci fànnaay njaayum bitim-réew, liy ñor ci biir réew mi. Looloo waral Nguur gi, gannaawbi mu ci diisook mbootaayi beykat yi, taxawal na ba noppi di jëfe palaŋu réewum Senegaal ci wàllu wuutale xeeti li ñuy bey.

Nisër gi ëpp solo ci palaŋ boobu mooy :

- tànn xeeti mbeyteef yi baax ci Senegaal, te ñu war a mën a ubbi ay bunti njaay ak njënd.
- seet ba xam li ñu war a am, ngir yokkuteg xeeti mbey yu bees yi, fépp ci réew mi.




Léegi nag, su dee ci beykat yi ci seen bopp, am na ci matukaay yu ñu jëfe ci wàllu taxawal ay mbootaay, ak ràññeeku (ci yoon), ngir seen liggéey yenu maanaa, te am njariñ. Ci kow loolu, mbooltoo mbootaayi liggéeykat yi mën a teewal mbey mi, coppali gi ak njaayum mbeyteef yi, mën nañoo am taxawaayu mbootaayi liggéeykati fànnay yu wuute. Loolu mënees na koo def, moo xam ci réew mi, walla cib gox bu ñuy beye, walla xeetu mbey mu nekk mbaa mbooloo xeeti mbey.

Ràññe bii dina doon ci kilifag Nguur gi ŋank wàll woowu, gannaaw bu Pénc mu Mag miy Gindi Mbey-Àll-Càmm, nga xam ne taxawaayam mooy wottu ni ñuy jëfe àtte bii, joxe xalaatam ci wax ji aju ci yokkuteg mbey-àll-càmm. Waaye nag, genn kurélu mbooltoo mbootaayi liggéeykat moo mën a am ci mbeyteef mbaa xeetu mbeyteef wu nekk.


Anam yi leen yoon di nangoo ak ni mbooltoo mbootaayi beykat yi di doxe, yoon moo leen di taxawal. Ci wàllu mbootaayi liggéeykat yu nekk ci fànna yu bari ci wàllu mbey mu yoon nangu, dañoo nas ay sartoonte ngir liggéey

bi mën a dox bu baax ci diggante mbootaayi liggéeykat yi mu ëmb. Kilifa gi ŋank fànna boobu, mën na yaatal sartoonte yii, su fekkee ne gis na ne baax na, te am na njariñ ci askan wi.

Su ñu demee ba dogu ci yaatal bi, dogal yi ñu nas dañuy doon lu tegu ci loosu liggéeykat yi bokk ci mbootaayi liggéeykat yi am ñu leen fa teewal. Wa aye, laata ñuy yaatal ay sartoonte, li war mooy kurél yi bokk ci mbooltoo liggéeykat yi nangu leen a dalal.

Rax ci dolli, mbootaayi liggéeykat yi ci wàllu mbey te yoon ràññe leen, sañ nañoo jël, ci way-bokk yiy yëngu ci fànna yi mu ëmb, ay teg yuy bawoo ciy kàddu yu ñu déggoo, ni ñu ko waxe ci kàddu yi jiitu.

Luuma yi, taxawaay bu am solo lañu am ci njaay ak njëndum li ñuy bey ak li ñuy lekk ci réewum Senegaal. Nguur geek kolektiwite lokaal yi taxawal nañu, ba noppi jëfe pexem yeesal ja yooyu. Luuma yi ëmb diwaan ak luuma yi ci réew mi, li ñuy liggéey mooy aar, indi leeral ci njaayum li ñu fiy bey ak càmm gi, ba noppi di wottu meloy li ñuy jaay ak a jënd, ak it di taataan ak a tasaare xibaar yi ci dayo ak dem-dikkub njaay mi, ak ci wàllu njëg yi.



Wottum melow njaay yiy bawoo ci gàncax walla mala, dañu koo yokk, ngir yokk kaaraangeg wér-gi-yaramu nit ñi, ci wàllu ñam yi ak di dooleel njaayi bitim-réew mbeyteef yooyu.

Ci sosub luuma diwaan ak réew yooyu, Nguur gi dafa gàddu jëfe matukaay yi ñuy jël ci réew mi, ba noppi wottu ni ñuy doxale kàddu yi ñu nas ci fànna

googu, ci kuréli UEMOA ak CEDEAO. Ngir doxal céqu njaay mu cuqe te wér, ngir saxal diggante yu rattax ak mbootaayi beykat yiy yëngu ci réew meek réew yi ci tund bi, te dajaloo ci kurél yi ñu fi tudd , dafay am solo anam yi ñuy liggéeyeek ni ñuy jëfandikoo li ñuy bey, matukaayi wottu yi ak pexey yëglukaay yi, ci jawi mbey yi ñu sàmmonteek ñoom.

Su ko laajee, li ci ëpp solo su fekkee ne joŋante bu ñu tolloowul doole dafa am, ci jëflante bi, ci wàllu njaay meek njënd mi ak bitim-réew, Nguur gi mën na jël ay matukaay, aar walla jàpple liggéeykat yi, ci wàllu xaalis, ci anam yu dëppook kàddu yi ñu nas ak waa diwaan bi Senegaal nekke (UEMOA, CEDEAO) ak OMC.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 32 : Sos nañu Luumab Réew ci peggu Ndakaaru, ci àpp bu dul weesu juróomi at, dale ko ci bés bi ñu dëggalee àtte bii. Taxawalam, Nguur geek kolektiwite lokaal yi mu soxal dañu cee déggoo.**

**Ponk 35 : Nguur gi farewoo na seet ndax tëralin yi ñu jël méngoo nañook ya ñu jëloon ci UEMOA ak CEDEAO, ci li soxal yooni liggéey yi, ak def ko lu ñuy jëfandikoo, matukaayi wottu ak pexey yëgle ci jawi mbey yi.**

**Ponk 36 : Saa su ko laajee, Nguur gi dafay jël matukaayi kaaraange walla déggoo ciy ndimbali woyofal njëg yi, ngir wàññi walla dindi ruubaloo yi am ci wàllu jëflante koom ak bitim-réew, ci biir UEMOA ak CEDEAO, teg ko ci sàmmonteek matukaay yi ñu jël, ci Mbootaay miy ŋank njaay ak njënd ci àdduna si.**

**Ci kow waxtaan yi aju ci njaay ak njënd diggante réew yu bare, ak diggante réew ak réew, Nguur gi dafay dàq yenn jëf yu goreedi ci weccantey njaay ak njënd.**

## BUNT 8

# Liggéeyu jagalub àll ak bu garab yi

## 1. Libaatyiditekki

**mbey-àll** : liggéey buy jokkale mbey, kaaraange ak di jëfandikoo li ci àll bi
**mbartal** : foo xam ne fa la ndox miy wal di aw
**jëfandikoo àll** : liggéey buy jublu ci jëfandikoo àll bi (moo xam ag kurél la, ak nit la, walla am mbooloo la)
**mbey-bant** : mbey ak jëfandikoo bant (xànq, dénk)
**suqalikug mayteef** : suqali boo xam ne moo ñëwal boppam, loxo doom-aadama laalu ci, amul rax
**sellug ñépp** : mboolem tëralin walla matukaay yu kilifa yi jël ci wàllu cet ak sell (Nguur ak kilifay Nguur gi) ngir wér-gi-yaramu doom-aadama yi, mala yeek am-am yi

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Àtte bi dafa ne mbey-àll mooy liggéey boo xam ne dafay génne njariñ ak ni ñuy jëfandikoo àll bi. Kon ëmb na mboolem xeeti yëngu yi ñuy def cib àll, dale ko ci njëmbatum garab, jaar ci yeneeni yëngu yu deme ni wàññi cari garab yi, kaaraange ci daay yi, sàkk lu ñuy fajoo ak wollat yi, maanaam wàññi yenn béréb yu sëq yi, ngir garab yi gën a màgg. Mbey-àll mi dina tax a yokk njariñi àll bi, ci wàllu koom, ci wàllu "bokk-dëkk" ak ci wàllu dundin.


Am na ay nisër yu bari te wuute ngir génne ci bant (xànq), defar béréb yu rafet ngir gan ñiy déñsi kumpa, boole ca mbey ak ndencum "xeetoo-garab" yi, caytug rabi àll yi ak caawo yi, kaaraangeg suuf yeek mbartal yi.



Caytug xéewali mbey-àll yi, ñu ngi koy defe ci topp palaŋu jagal bu liggéeyuwaay ŋànk nas ko, te Nguur gi nangub amam. Palaŋu jagal bi nisëram bi ëpp solo, li ko tax a jóg mooy nees di jëfandikoo xéewal yi ci àll bi ni mu ware. Ci kow loolu, su fekkee ne dafa dem ba yegg ci di jëfandikoo àll bi, dafa war a am ci anam yi ñu wax ci Kodu àll bi.

Njariñu suuf si ci wàllu mbey itam dafa war a sàmmonteek li ñu tëral ci Kodu àll bi. Ci misaal, mbey ci lu bokk ci dénd bu ñu laf dafa war a am ci lu ñu déggook ndawal Nguur li ame mbirum àll bi. Sàmmonteek matuwaay yi ci Kodu àll bi, ci wàllu ruuj, nga xam ne, ak nu mu mën di deme, dafay laaj am ndigal lu leer ; lu am-a-am solo la ndaxte warul a am benn yoon bu mu wàññee dara ci luy suqali suuf yi ak njebbim gàncax yi. Yenn xeeti gàncax yi tàmbalee sànku dañu leen war a déeg, ci ruuj mi.

Caawo ak yoonu njur gi dañu leen dogal yoon ci matukaayi Kodu àll bi. Ci misaal, dañu leen tere àll yi réew miy aar ngir rabi àll, làkk yi, fi ñu jëmbat ay garab, ci wàll yiy suqali ci biir àll bi walla gox yi ñuy suqali feek ñu ngiy ragal ne jur gi mën na yàq gàncax gi walla njiyeef yi. Noonu lañu teree ngortal, maanaam gor garab, ngir dundal jur gi.




Taalum daay kafewuñu ko, dañu koo tere. Safara yi ñuy wottu sax duñu mën a am ndigal feek sàmmontewuñu ak anam yi Kodu àll bi tëral.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 39, dog 4 : Ruuj bi dañu koy tere su fekkee ne: mën na yàq suuf yi nekk ci mbartal yi walla xur yi; bokk na ci xuri àll yi ak béréb yi am màngi; àttan na indi mbiru yolnde ak di sakk yoonu ndox yi ; nar na wàñƱi dara ci cellug nit ñi walla kaaraange gi ; soxal na béréb yi bokk ci domen nasyonaal, te ñu tere ko ngir aar ko, bokk na ci lu tollu ci juróom-fukki meetar ci ñaari wàll yi séq aw yoon ak fanweeri meetar ci li séq bérébi ndox yi (dex, déeg...).**

**Su fekkee ne dañoo nekk cib departamaa boo xam ne dayob li ñu fa aar dafa yées 20%, ndigal du ci mën a am feek Kurél gi ñu dénk Wottub Suuf si joxewu ci xelaatam.**

**Ponk 40 : Caawo ak yoonu jur gi, dañoo tere ñuy nekk ci àll yi ñu aar ci réew mi, ngir mala yi, ci làkk yi ñu jëmbat ay garab walla yu ñuy suqali, ci béréb yiy suqalikul seen bopp ci àll bi ak béréb yi ñuy suqali, feek ñu ngi ragal ne su fa jur gi duggee, mën na yàq njëmbët yi walla njiyéef yi. Ngorum garab ngir wutal jur gi lu mu lekk, moo xam dañu koo aar walla déet, dañu koo tere.**

**Ponk 41 : Daay yi dañu leen a tere, safara yi ñuy taal ngir lakk caawo yi walla di waajal tool yi, mëneesu cee am ndigal, su dul ne dañoo sàmmonteek matukaay yii : feg dénd bi ñuy taal ak ay xàll yu ñu xoddi ; taal safara su jant bi sowee ak ci jamono ju dal, beykat yeek sàmm yi di ko wottu ndax bu safara si naree jéggi fi ñu bëgg mu yem, ñu mën ci taxaw.**

## BUNT 9

## Doxalinu yokkute ñeel càmm gi

### 1. Libaatyiditekki


**déndu kow gi**: béréb bu bokk ci kow gi walla ci suufi dëkki kow gi
**ni ñuy jariñoo lenn**: matukaay la walla ni ñuy def ba mu yokku, ba mu am njariñ
**càmm** : pexem koom mu sukkandiku ci yarum jur guy duññi (nag ci li ëpp) ci càmm gu yaatu
**kaaraangeg gétt yi** : fexe ba di moytu jur gi di am yenn wopp yu bon yi, walla di dee walla ñu sàcc leen

### 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Yarum jur mooy ñaareelu liggéey buy dundal lim bu takku ci waa Senegaal, te am taxawaay bu am-a-am solo ci koomu réew mi. Ak li muy am am doole ci koom gi ak ni limu doom-aadama yi ciy yëngu takkoo, terewul yëngu bii wéy di doxe ci càmm gu yaatu. Waaye, matuwaay yi yoon tëral ñu di fi dox ba fii, sooraalewuñu bu baax ni ñu war a def ba béréb yi ci àll bi gën a am njariñ ci càmm gi. Jàppe càmm ni anam buy jox gëdda suuf yeek mayteef yi dafa daldi mel ni moo ëpp solo ci yu bees yi Nguur gi indi ci wàllu doxalin, ngir yokkuteg mbey-àll-càmm.

Li tax a jóg matukaay bii mooy aar ak yokk xéewal yiy bawoo ci jur gi, ngir am lu mu def ci pajum soxlay askan wi, jëmale kanam li ñuy jaayi bitim-réew ak def càmm gi fànna buy màgg ci anam yu tar. Te itam, Nguur gi, ci diisoom ak kolektiwite lokaal yeek mbootaayi ñiy yëngu ci wàll wii, fas na yéene

amal ak doxal palaŋu réew mi, ngir yokkuteg càmm gi.



Àtte bii dafa matale desit yi ñu nemmiku ci wàllu tëralin yi ko fi jiitu ci wàllu yoon. Li ci gënatee neex nag mooy, càmm dina doon lu ñu beral matukaayi boppam ci àtte biy dox ci mbirum suuf. Dinañu yeesal itam dekkere biy wax ci wàllu caawo yi.

Liggéeyu càmm gi dafa war a nekk lu ñuy doxal ci kow sàmmonteek li ñu wër ak yeneen yëngu yi am ci wàllu mbey, àll ak yëngutey kow gi, ngir dalal walla delloosi yembug kéew gi di lu am solo cig yokkute.

Sàmmkat yi dañuy faral di jànkoonteek càccug jur gi, mu nekk lu leen di indil réeroo ak yàqule yu takku ci wàllu koom. Pexey doxalin yi ñeel kaaraangeg jur gi ak xeex càccug jur gi dinañu leen taxawu ngir li fiy jur ci réew mi mucc tey moytu jàppante yi ciy faral di juddoo. Looloo waral, ñu fas yéene ci àppu ñetti weer gannaaw bu ñu dëggalee àtte bi, yóbbu ci Péncum Ndawi Réew mi ab naalu coppite ci *Kod Penaal*, ak *Kodu* tëralinu daan nga xam ne dafay gën a dooleel matukaay yi ñu jël, ngir faagaagal càccug jur gi.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 44 : Càmm dañu koo jàppe ni jëfin wuy indi njariñal kow geek mayteef yi. Yëngu yi ñeel yarum jur gi, dañu leen war di doxal ci kow ñuy sàmmonteek li ñu wër ak yeneen yëngu yi ci wàllu mbey, àll ak kow gi.**

**Ponk 45 : Yarum jur gi, dina am matukaay yu ñu ko beral ci àttey yeesal doxalin ci wàllu suuf wi tax a jóg ponk 23. Ba tey itam, dinañu defaraat dekkere 80-268 bu 10 màrs 1980 ñeel caawo yi.**

# BUNT 10

## Am mën-mën ci ndox mi

### 1. Libaatyiditekki

**kéew-mbindeef**: mbooloom suuf ak li ciy dund, ëmbaale li ñu wër, mala ak/walla gàncax, yu dëkke lëkkaloo te di jëfante
**ndoxum mbey**: anam yu ñuy joxee ndox mi war, ngir mbeyum roose ci kow gi: pexem jàppandil ndox ci kow gi
**matukaayi ndox yi**: mbooleem tabax ak jumtukaay ngir jàppandil am ndox
**ni ñuy sàkkoo am ndox**: ni ñuy def ba am ndox

### 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Yëngutey mbey-àll-càmm dañoo aju, ci lu bare, ci taw bi, nga xam ne dafa bari ay wuute, ci nawet yeek ci gox yi. Am mën-mën ci ndox mi dafa mel ni lu mënul a ñàkk la ci liggéey yi ci kow gi, mu daldi nekk kon benn ci gàllankoor yi gën a am solo gannaaw dañoo bëgg a jëmale kanam yokkuteg yëngutey mbey-àll-càmm. Lu war a njëkk am la ngir yokkute gu sax ci wàllu mbey mën a nekk. Ngir waa kow gi mën a am càmm gu baax, liggéey bu baax ci àll bi ak mbey mu ànd ak kaaraange, fàww ñu am ndox mu doy.

Yokkuteg ndoxum kow gi dina tax ba ñu mën a bey mbey mu ñuy sóoraale yàqu yi mën a am, su tawulee; mën na tax itam ñuy bey at mi mépp, su ko defee, mu indil askanu kow gi tawfeex gu am-a-am solo.

Mbeyum roose lu am solo la ci wàllu mbey, ndaxte, fi mu wuuteek mbeyum nawet mooy, dina tax ñu mën a bey diir bu yàgg, ci at mi. Senegaal am na ay mënin yu bare ci wàllu mbeyum roose. Ci kow loolu, ki bëgg yokkute ci

doxalin wii ci wàllu mbey ci réew mi, doxalin wi ci wàllu ndoxum mbey leeral na anam yi ñu beral ni ñuy saytoo ak a jëfandikoo anamu roose.

Looloo waral ci kow àtte mbey-àll-càmm gi, Nguur gi, bi mu diisook kolektiwite lokaal yi ak mbootaayi beykat yi, dafa taxawal ba noppi tëral doxalinu ndoxum mbey (jagleel ndox mbey mi) ci kow sumb yuy dox, maanaam di tax ba ñu mën koo doxal. Doxalin wii ak sumb yii, dañoo war a sàmmonteek li Nguurug Senegaal dige ak Mbootaay miy toppatoo Jariñoo Dexu Senegaal gi (OMVS) ak gu Dexug Gàmbi (OMVG).

Doxalinu ndoxum mbey ak sumb yi mu àndal dañoo jëkk a aju ci xalaatu caytu gu boole ëmb xéewali ndox yi. Ni ñuy dégge caytu gu boole ëmb mooy ag caytu goo xam ne mbir yiy bokk ci fànna bi ñuy wax dañu leen a dogal ci ni yokkute giy doxe. Ba noppi, dañuy bàyyi xel ni Nguur gi bëgg a am yéeney alal ji dugg ci ndoxum-mbey am njariñ ci wàllu dundin ak koom. Danuy yebe xel it ne dafa soxla ñu tabax ay matuwaay, ay jumtukaayi ndox (fooraas yu xóot, teen-fooraas, teen…) ak ay bérébi ndoxyu sax (yu dul zacc mukk) ci kow gi, ngir mën a jàkkaarlook soxlay dëkkaan yi ci wàlli ndox, ngir mbey meek càmm gi.

Ba tey, fi ñuy jaar ak ni ñuy def ba am alal ju ñuy dugal ci mbey meek toppatoom matukaayi ndoxum mbey (tabax yi, masin yi, motopomp yi…) taxawal nañu leen ci doxalinu mbey mu bees mi.

Noonu, di bàyyi xel ci ne dañoo bëgg a defaraat ba mu gën a baax, ni ñuy beye ci réew mi doxalinu ndox mi leeral na anam yi ñu beral ni ñuy saytoo ak a jëfandikoo fànnay roose mi.

Waaye roose mi mëneesu koo defe ni mu ñu neexe. Doxalinu ndoxum mbey, jàpp na ne suy am, dañu cee war di sóoraale yenn mbir yu am solo :

- nekkin ak li fi jàppandi cim ndox ak li mu laaj, ñu saytu ko ci anam yu sax ;
- li mu laaj ñu sàmm kaaraangeg suuf seek li ciy dund ciy mayteef (mayteef yi ni ñu deme te loxo doom-aadama duggu ci) ;
- li mu laaj ñu jëfandikoo ci anam yi gën, matuwaay yeek jumtukaayi ndox yi.

Ci kow loolu, ngir yokk yaakaar gu takku doxalinu ndoxum mbey, Nguur gi taxaw na ci sàmm amal njariñ yu takku (baax te am njariñ) ak saxal ndox mu daj réew mépp.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 48 : Nguur gi, ci diisoom ak kolektiwite lokaal yi ak mbootaayi beykat yi, ci ni ñu ko dige ci Mbootaay yiy toppatoo Jariñoo Dexu Senegaal gi (OMVS) ak gu Dexug Gàmbi (OMVG) taxawal na doxalin ak sumbi liggéey yi ñeel ndoxum mbey. Nguur gi dafay sàmm ni ñuy jariñoo ci anam yu jar te sax ndox mi, fépp ci réew mi.**

**Doxalin wii dafay indi ni ñuy def ba dugal xaalis ci ni ñuy ame ak a toppatoo matukaayi ndoxum mbey mi, ni muy leerale anam yi ñu beral caytu ak jëfandikoom mbirum roose mi.**

**Doxalin week sumb yii, ñu ngi sukkandiku ci xalaati caytu mi ëmbaale xéewali ndox yi ak yu njariñ ci dund geek koom gi tukkee ci matukaayi ndoxum mbey mi. Dañuy sóoraale ne soxla na ñu samp ay béréb, matukaayi ndox ak ay bérébi ndox yu sax, ci kow gi, ngir song soxlay askan wi ci wàllu ndox mi war ci mbey meek càmm gi.**

BUNT 11

# Yokkuteg matuwaay yeek liggéeyi Nguur gi ci kow gi

## 1. Libaatyiditekki


**kuréli Nguur gi** : liggéeyuwaay yi aju ci Nguur gi
**ubbite** : mën faa yegg (ci anam yu yomb), dakkal beddeekug menn mbir (béréb, suuf, gox)
**ubute** : nekkinu fu ñu mënul a yegg, mbaa yegg fa nekk lu jafe

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Ci réewum Senegaal, mën nanu fee wax ne waa kow gi, ñoo gën a yéesle waa taax yi, jote ci matuwaay yi ñuy liggéeye, jumtukaay yi, toppatoo gi war ci dundug doom-aadama yi.

Kow gi dafay faral jànkoonteek tëjute, dem ak dikk gu jafe, ndax ñàkkug yoon. Mu doon, cig wàll, gàllankoor ci yokkuteg yënguy koom niki njaay ak njëndum li ñuy liggéey, dem ak dikkug doom-aadama yeek alal ji ñu am…

Rawatina, askan wi nekk ci kow gi dafay sonn laata muy jot ci kuréli Nguur gi ñeel askan wi. Ngir dakkal lii di wàññi bu baax-a-baax yokkuteg mbey-àll-càmm ci réew mi, Nguur geek kolektiwite lokaal yi samp nañu ci kow gi jumtukaay yi war ba noppi di fa doxal ay yéwénal. Jumtukaay yi dañoo taxaw taxawaayu mbooleem matukaay yi ñuy jëfandikoo, ngir amal yëngu-yëngu ak dem-dikkug doom-aadama yi, alal jeek yéwénal yi. Yokkuteg jumtukaay yeek yéwénali Nguur gi ci kow gi, taxaw na itam ci palaŋi kuraŋ ak telefon.




Ci doxalin week sumb yi ñu bëgg ci àtteb gindikaay bii, dañu cee jiital lépp luy indi ubbite gu ñeel kow gi, jaare ko ci suqali walla defar yooni raŋ- r aŋ yi, godoroŋ yi, yu ndox yi walla yu otoraay, ba ciy ayeropoor yu ndaw.

Ubbikug gox yi ñuy liggéeye dina yombal yóbbug li ñu fay liggéey, wutug jàppandal yi ak màrsandiis mi ci waxtu wi mu baaxe. Loolu dina wàññi jëggaanig yenn mbir yi nga xam ne dañu daan faral di nëb fi ñu leen di liggéeye.

Ngir saafara jafe-jafe yi aju ci ubbig kow gi ak jote ci liggéeyuwaayi Nguur gi, Nguur geek kolektiwite lokaal yi tëral nañu, di jëfe it doxalinu réew meek sumbi diwaan yi, ci wàllu yokkuteg matuwaay yeek yéwénali Nguur gi, ci kow gi.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 51 : Aw doxalinu réew ak ay sumbi diwaan ñeel yokkuteg matukaay yeek yéwénal yi ci kow gi, dañu leen a tëral ba noppi di leen jëfe, ci wàllu Nguur geek kolektiwite lokaal yi.**

# BUNT 12

# Jëmale kanam yemale doom-aadama yi ci kow gi

## 1. Libaatyiditekki

**jeng** : ñàkk a tolloo, ñàkk a taxaw benn béréb, ci diggante nit ak nit
**yemale ci yelleef** : yem ci kanamu àtte bi, bu ñuy layoo
**sarwiis yu lalu yi ñeel dundug doom-aadama** : yi mënul a ñàkk, te kilifa yeek Nguur gi, di leen defal askan wi (paj, njàng, añs…)

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Ngir jëmale kanam yemaleg dund gi ci kow gi, jubbanti jeng gi amoon diggante taax yeek kow gi, Nguur gi sas na boppam nisër yii :
- defaraat nekkin ak dundinu doom-aadama yi ci kow gi ;
- yokk a yombal jotug askan wi ci matukaayi dung yu lalu yi ;
- faj soxla yi ci wàllu njàng, tàggat ak wér-gi-yaram.

Li ci nekk mooy, Nguur gi dafay taxaw ci wuute gu jéggi dayo lool bañ a am ci dundinu mbooloonte yi ci réew mi. Mooy taxaw taxawaayu aji-àtte ci diggante bëgg-bëgg yi ak mbooloonte yooyu. Noonu itam, la war a yeboo yemale tas matuwaay yooyu diggante taax yeek kow gi, ngir yokkuteg réew mi am ci anam yu maase. Nguur, ci kow àndam ak kolektiwite lokaal yi, leeral na ba noppi doxal aw doxalinu jëmale kanam mbaaxaayu dund gi ak yokkuteg pexe yi ñu jógal, ci wàllu koom, ci kow gi. Sosum *àntarpiris* yu ndaw ci kow gi, ci wàllu liggéeyu loxo ak sarwiis yi, nekk na lenn ci yi war a jiitu ci fànna bii.

Ci wàllu jëmale kanam dund gi, taxawu yemaleg nit ñi ci wàllu dundin ci kow gi, doon na yokkute gu takku gu soqikoo ci àtteb gindikaay bii. Li ci nekk



mooy, Nguur gi takku na, ngir sàmm yii :

- yemale di am diggante góor ak jigéen ak di yemale seeni yelleef, te ni ñuy jëfandikoo mbey ëpp ci solo
- dugal ndaw ñi ci liggéeyu mbey.

Nguur geek kolektiwite lokaal yi, jiital nañu ko ci lépp, muy anam bu ñuy xeexeek màngu waa kow gi jëm ci taax yi, fanq ñàkk-xéy gi dal ñu bare, ci askan wi.

Noonu, jot ci suuf si ak bor yi yombalal nañu leen jigéen ñeek ndaw ñi ci kow gi. Mu doon yokkute gu am solo ci wàllu doxalin wi. Bu loolu weesoo, Nguur gi taxawal na pexem ndimbal ñeel ndaw ñi jot a jàng liggéeyu mbey, feek ñetti at, dale ko ci bi ñu dëggalee àtte bii.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 53, dog 2 : Nguur gi, ànd na ak kolektiwite lokaal yi, tëral ba noppi di jëfe doxalinu jëmale kanam ngëneel yi, ci wàllu dundin week yokkute yi ñu jógal ci wàllu koom ci kow gi, gën caa fésal sosug àntarpiriis yu ndaw yi ci kow gi, ci xarala geek sarwis yiy jàppandil.**

**Pont 54 : Nguur gi dafay sàmmoonte yemale góor ak jigéen ci wàllu yelleef, rawatina ci wàllu jëfandikoo mbey mi. Boole ci, jot ci suuf seek bor yi woyofalal nañu ko jigéen ñi.**

**Ponk 55, dog 1 : Dugal ndaw ñi ci lépp luy yëngu lu aju ci liggéeyu mbey ; loolu nekk na li gën a soxal Nguur geek kolektiwite lokaal yi. Defal nañu leen ay yombalal ngir ñu mën a am suuf ak bor.**

# BUNT 13

# Kaaraange ci musiba yiy wàcc ak yi mën a dab nit ki ci kow yëngoom ci mbey-àll-càmm

## 1. Libaatyiditekki

**kaaraange mbey**: kaaraange, kiiraayu dund gu aju ci mbey mi
**kopparu neexal**: xaalis bu ñu joxe, muy njariñ lu tege ci li nit ki am, ngir jaajëfal ko, ci coono yi mu daj
**jiwu pere-baas**: jiwu wu ñu waajal ci bérébu jàngatukaay (naka ISRA) laata ñu koy seet, ful ko ak di ko joxe

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Bu weesoo kaaraangeg dundug doom-aadama yiy yëngu ci liggéeyi mbey, àtte bii dina indi kaaraange ci ndogal yeek gàllankoor yi mën a téqtal yënguy mbey-àll-càmm. Nguur geey taxawu kaaraange googu. Li ci nekk mooy, ci diisoom ak mbootaayi ñiy liggéey ci wàllu mbey, Nguur gi tëral na te di jëfe itam doxalinu kaaraangeg li ñuy liggéey, li ciy génn ak matukaay yuy xeex dog yeek lépp lu mën a gàllankoor yënguy mbey-àll-càmm.

Ci misaal, su dee li aju ci kaaraangeg jiwu wi ci wàllu mbaax ak jàppandi, Nguur gi sos na am sàqu pere-baas mu mu jagleel lenn lu nekk ci li ñuy bey, te mu doon lu am solo (am njariñ ci beykat yi ak ci askan wi), walla muy yoo xam ne ñàkk a taw bi dafa leen di tàmbalee sànk.

Li ci topp mooy, ñiy yëngu ci xeeti mbey mu nekk, dafa war ñu ful jiwu yi ñu aar. Waaye loolu, su ñu koy def, dañoo war a sàmmonteek li yoon tëral ci wàllu mbey, caytu ak njoxem jiwu. Ngir loolu nekk, li yoon wax ci wàllu jiwu, te mu fiy dox, mooy: dañu koo war a yeesal ba mu dëppook jamono.



Su dee ci wàllu ndog yeek gàllankoor yi ci biir yënguy mbey-àll-càmm, Nguur gi, ci kow diisoom ak mbootaayi beykat yi, dafa jëkk a amal mbooleem matukaay ak doxalin ci wàllu yoon, campeef ak ci wàllu koppar yu ñu laf (ngir su musiba amee, gaaraanti walla neexal...). Ba noppi, mu tëral ay matukaay yu, li leen tax a jóg mooy fexe ba mu gën a dox, ci àppub ñaari at, dale ko bi ñu dëggalee àtte bii.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 57 : Nguur gi, ci diisoom ak mbootaayi beykat yi, tëral na ba noppi jëfe doxalin wu ñeel ndimbal yi jublu ci kaaraangeg mbey mi, ngir ñag liy génn ci mbey mi, li ñu ciy ame ak jumtukaay yi.**


**Ponk 59 : Nguur gi, ci kow diisoom ak mbootaayi ñiy liggéey ci wàllu mbey, amal na càmbarug mbooleem matukaay ak doxalinu yoon, campeef yi ak koppar yi soxal nattu yeek ndog yi mën a am (koppari nattu, gaaranti ak neexal, añs.), ba noppi indi ay matukaay yu, li leen tax a jóg mooy gën a baaxal njariñu mbey ci àppu ñaari at yu dale ci bi ñu dëggalee àtte bii.**

TUDDE 4 BI

# MATUKAAY YIY GUNGE

## Solo si

Tudde 4 bi dafay indi matukaay yi Nguur gi fas yéene ñu àndaaleek àtteb gindikaayu mbey-àll-càmm bii, ngir yombal àntug nisër yi.



# Li tudde 4 bi ëmb

**Dajale na bunt yii:**

- ☞ **Bunt 14 : Xibaaru mbey, yar/njàng ak tàggat ñeel liggéeyi mbey yeek yu kow gi**
- ☞ **Bunt 15 : Yokk mën-mëni beykat yeek yu mbootaayi liggéeykat yi, yu mbootaayi sosyete siwil, yu kolektiwite lokaal yeek liggéeyuwaayi Nguur gi.**
- ☞ **Bunt 16 : Gëstu ak xelal ñeel mbey-àll-càmm**
- ☞ **Bunt 17 : Koppar yu ñu jagleel yokkuteg mbey-àll-càmm**

# BUNT 14

# Xibaaru mbey, njàng ak tàggat ñeel liggéeyi mbey yeek yu kow gi

## 1. Li baat yi di tekki

**njàng mu lalu mi** : li gën a néew ci li ñu war a jàng ci njalbéen (daara yu ndaw, liifantu, añs…)
**tàggatum ndoorte** : li nit ki jëkk a tàggatu, ci njàng moo xam ne ay xaaji xaaj la walla ay jéegoy jéego
**tàggat bu kawe**: tàggatu bu tollook daara yu kawe yi (Iniwersite)
**matukaay yiy gunge**: matukaay yuy tax, su fekkee ne dañu leen a defandoo, li ñuy def walla ñu koy yóotu gën a mën a sotti

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Ngi mu gën a mën àntu, doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm gu bees gii dafa laaj ñuy jëfandikoo lenn ci mattukaay yi muy àndaaleel. Li war a jiitu ci matukaay yii mooy njàng, ngir yokk mën-mën ak kàttani way-yëngu yi ci kow gi. Ay beykat, sàmmkat ak yeneen liggéeykati àll yu jàng, tàggatu, mën a jàng ak bind, tey jot xibaar yi ni mu ware bés bu nekk, ci anam yu doy te am njariñ ñeel liggéeyi mbey mi (njëg yi ci ja yeek luuma yi, melo jiwu yi, fi wecce yi tollu, añs.), ñooy ñi gën a mën a tax ba doxalin wu bees wii ñeel Àtteb Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm àntu.

Nguur gi dafay diisoook way-yënguy koom yi (beykat, sàmmkat, ñiy liggéey ci àll, ñiy yëngu ci fànna yu bare te wuute, añs.), ngir càmbar fi xibaar yi ñeel mbey mi tollu. Sukkandiku ci li ñu gis ak fi wax ji teere, dafay indi ab sumb ngir defaraat li fi jot a nekk ba mu gën a baax, ci àppub ñaari at gannaaw bu ñu dëggalee Àtteb Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm bi.



Sumb bii dina tax a gën a dooleel mën-mëni way-yënguy koom yi, ak fu ñu mën di féete, ngir ñu mën a doxal, ni mu gëne, seeni yëngu-yëngu ci wàllu mbey-àll-càmm, te boole ci di doxal ni mu ware seeni sasi way-yënguy yokkute.

Njàng, yar ak tàggatum way-yëngu yi, su ñu sukkandikoo bu baax ci liifantu bi, dañuy doon sabab yu am solo, ngir mbey mi ànd ak jamono. Ci kow lii, Nguur gi dafa taxawal te jëfe, ànd ci ak mbooleem way-yënguy yokkute gi ñeel mbey-àll-càmm, ab feem bu daj réew mi, ngir tàggat ci wàllu mbey-àll-càmm. Ci taxawaay bii la nguur gi sas boppam ñaari nisër yu màgg ci mbir mi:

- àppub 10 at, ngir waa kow gépp jàng, ak
- àppub 20 at, ngir jotale njàng mu lalu mi bépp xale buy yeewoo ci kow gi.

Ci kow doxalinu tàggat ci wàllu mbey-àll-càmm, la Nguur gi sose, ci àppub 10 at, dale ko bi ñu dëggalee àtte bii, ay këri tàggatuwaay yu ñu jagleel liggéeyi mbey ci departamaa bu nekk.

Fi ñuy daanelee mooy yelloo njàng muy njëkk (ndugg ci fànna liggéey bi) ak njàng muy wéy (xóotal xam-xam bi nit kiy jëfe, li mu jàng ci biir liggéeyam) lañu nangul doom-aadama yiy bey ak way-yëngu yi ci kow gi. Bi ko defee, ñuy jot ci njàng mu yaatu, xarala te xereñ ci liggéeyi mbey, àll ak càmm.

Njàng mii dinañu ko defe ci béréb yu nguur gi moom walla yu nit walla mbootaay moom, te Nguur gi jox ko ci ndigal, maanaam nangul ko nekkam. Nguur gee koy jàpple.

Fileek ñaari at, dale ko ci bi ñu dëggalee àtte bii, Nguur gi dina sos ay daara walla ay kuréli njàng mu kawe (tollook Iniwersite) ci wàllu xam-xam ak xarala ñeel yokkuteg mbey-àll-càmm.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 62 : Njàng mi, liifantu beek tàggat bi ñooy feem yi ñuy jàppandil, ngir yeesal mbey mi. Nguur gi indi na ba noppi di jëfandikoo, ci kow àndam ak mbooleem way-yënguy yokkuteg mbey-àll-càmm, ab feemu réew ci wàllu njàng mu ñeel mbey-àll-càmm.**

**Nguur gi njàng ak liifantub ñépp tegu ciy mbaggam, àppal na boppam ñaar-fukki at, ngir jottali njàng mu lalu mi xale yi nekk ci kow gi ak àppub fukki at, ngir waa kow gi yépp jot ci liifantu bi.**

**Ci biir doxlinu njàngum mbey-àll-càmm, Nguur gi dina sose, ci àppub fukki at, dale ko bi ñu dëggalee àtte bii, ay béréb yu ñuy tàggate ci liggéeyi mbey yi, ci departamaa bu nekk.**

**Ponk 63 : Yelleefu njàng mu jëkk ak muy wéy, dañu koo nangul doom-aadama yiy yëngu ci liggéeyi mbey ak képp kuy yëngu ci kow gi. Ci kow loolu lañuy jote ci njàng mu yaatu, xarala ak ci wàllu liggéey ci yënguy mbey, àll ak càmm, te kuréli Nguur gi, walla yu Nguur nangu seenug nekk di ko def. Njàng moomu, Nguur gee ko jàpple.**

# BUNT 15

# Yokk mën-mëni beykat yeek yu mbootaayi liggéeykat yi, mbootaayi sosyete siwil, kolektiwite lokaal ak liggéeyuwaayi Nguur gi

## 1. Li baat yi di tekki

**yokk mën-mën**: fexe nit ki gën a mën a def walla doxal ay yëngu mbaa ab liggéey

**sosyete siwil**: mbooloom doom-aadama, cim mbootaay walla déet, yu sos jëmmu nekkin wu wuuteek Nguur geek ci wàllu làng polotig yi

**sasi liggéeyuwaayu Nguur**: sasi Nguur walla liggéeyuwaayi Nguur yu jublu ci jotale askan wi xéewal yu yaatu njariñ

**waxtaani njaay ak njënd diggante réew ak réew**: ay waxtaan wallay waxaaley way-yëngu réew yu bokkul, waxtaan ngir déggoo ci wàllu njaay ak njënd

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Benn ci li gën a màgg ci nisëri njàng ak tàggatum way-yënguy kow gi mooy yokk seeni mën-mën, rawatina ay coppite ci seen doxalin ak seen nekkin. Beykat yi, mbootaayi ñiy liggéey ci wàllu mbey, ak mbootaayi sosyete siwil yaa ngiy doxal wàll wu am solo ci yokkuteg mbey-àll-càmm. Looloo waral, bi ñuy taxawal doxalinu desantaraalisaasyoŋ, Nguur geek kolektiwite lokaal yi mën a dénk ñetti mboolooy way-yëngu yii ci dëkk yi, jox leen baat, ci sas yi liggéeyuwaayi nguur gi am, te ëmb njariñ yu yaatu ñeel askan wépp.

Rax ci dolli, mboolooy way-yëngu yi bokk nañu ci ñiy nas, di Jëfe ak di càmbar doxalin ak sumbi nguur gi ci wàllu mbey-àll-càmm. Ci liggéey bii, Nguur gi ak kolektiwite lokaal yi dinañu leen indil ay ndimbal ci wàllu xarala ak koppar.

Ba tey ci diisooom ak ñi mu soxal, maanaam beykat yeek mbootaayi ñiy liggéey ci wàllu mbey ak mbootaayi sosyete siwil yi, la nguur gi taxawale ba noppi di doxal ci lu leen di amal njariñ sumbi yokkug seeni mën-mën. Nisëru yokkug mën-mën yi mooy jëmale kanam kurél yu am doole te yaatu, ngir mbootaayi liggéeykat yi mën a dox tànk yi war ñi bokk ci yokkute gi. Li ëpp solo ci fànna yi yokkug mën-mën yi soxal ñooy : mën a doxal (maanaam am mën-mënu doxal ak doxloo ay yëngu), caytu gi, pexey doxalini mbey yi (waajal, nas ak càmbar), waxtaan diggante réew ak réew ci wàllu njaay ak njënd, mbiri jàppoo ci réew yu bokk péete…

Ci geneen wet gi walla muy lees defandoo, Nguur gi taxawal na ba noppi di jëfe itam sumbub yokk mën-mëni liggéeykatam yeek ñi teewal kolektiwite lokaal yi ci wàllu waxtaan (waxaale), nas ak caytug doxalini mbey yi.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 65 : Beykat yi, mbootaayi beykat yi ak mbootaayi sosyete siwil yee dox tànk yi ëpp solo ci yokkuteg mbey-àll-càmm. Nguur geek kolektiwite lokaal yi mën nañu leen a jox, ci kow ndénkaane, sas yu nguur war a am.**

**Ponk 66 dog 2 : Ci biir loolu, Nguur gi, ci kow diisoom ak beykat yi, mbootaayi ñiy liggéey ci mbey ak mbootaayi sosyete siwil yi, taxawal na ba noppi doxal sumbub yokkuteg seeni mën-mën, rawatina ci wàllu mën a doxal walla doxloo, caytu gi, doxalini mbey yi (waajal, nas ak càmbar), waxtaan diggante réew ak réew ci wàllu njaay ak njënd, mbiri jàppoo ci réew yu bokk péete, añs.**

## BUNT 16

# Gëstu ak xelal ñeel mbey-àll-càmm

## 1. Li baat yi di tekki

**ni ñuy doxloo** : matukaay walla anam yi ñuy wottoo lenn, di ko jubbanti ba noppi di ko jubale fenn
**sakkanal cib dayo** : mooy wàññi, dagg walla tëb yenn jéego ciw doxalin
**fànna mbey-lekk** : fànna boo xam ne liy bawoo ci mbey lañuy jëfandikoo ci fépp fu muy jaar, dale ko ci coppali gi ba ci lekk gi
**yoon wi tegu ci li ñu tëral** : ci anami doxalin yi méngook yoon ak yoonal

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Gëstu, rawatina gi ñuy jëfe, nekk na lu am solo ci àntug doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm. Looloo waral, ci kow doxalin wu bees wii, ñu xàll ba noppi jefe Yoonu Gëstu ci wàllu Mbey-Àll-Càmm (SNRASP) ñeel Réew mépp. Yoon woowooy lëkkale ak a amal gëstu gi, ngir gën a mën a gàddu nisëri doxalini yokkute gu ñeel mbey-àll-càmm, rawatina ci wàll wi gën a leeral ay sumbi gëstu, ba noppi fullaal yi ciy feeñe.

Jëfin wii dina tax ñu gën a gis njariñu ni ñuy jëfandikoo li ñu am : ci koppar, doom-aadama ak matukaay, gën xam li ci ja yi (xam-xam ak jëfewaat li ja yi laaj ci dëkk beek ca bitim-réew) ak sakkanal cib dayo (gën a nas ay sumbi gëstu, ngir moytu mu am ñuy gëstoondoo ci menn mbir, su ko defee, li ñu am ciy koppar, ciy doom-aadama ëpp njariñ ci seeni tëralin ak ni ñu leen di jëfe). Ba tey it dina dimbali yokkute gi, méngoo gi, dëkkoo geek jàllale xaralay mbey yi ñu jubu te am njariñ.

Ci wàllu tëralin, kurélu réew miy toppatoo mbiri gëstu yu ñeel mbey-àll-càmm a ngi nekk ci kilifteefu Nguur geek mbootaayi beykat yi. Dafa ëmb Kurélu Réewum Senegaal giy toppatoo lépp luy gëstu ci wàllu mbey (ISRA), Kurélug xaralay ñam (ITA), ak yeneen kurél yuy yëngu ci xam-xam yu xereñ yeek daara yu kowe yi, ci am ay mën-mën, ci réew meek bitim-réew.

Ci kow ay yëngoom, kurélu SNRASP dafay yombal jëflante geek kurél yi am kàttan ak mën-mëni gëstu ci fànnay mbey ak mbey-lekk, ci biir réew mi, réewi diwaan bii ak bitim-réew, niki kurél giy xelal, ngir gëstu wàllu mbey ci Afrig (CORAF) ak péncum Afrig miy toppatoo gëstu ci wàllu mbey (FARA). Kurélug SNRASP a ngi jote xaalis, li ci ëpp, ci nafa gi réew mi jagleel gëstu gi ñeel mbey meek mbey-lekk (FNRAA), sosoo ci dekkere 99-85 bu 4 fan ci féebarye 1999, nga xam ne dinañu ko defaraat. Su loolu weesoo, Nguur gi jógal na ba noppi tegoo joxe koppar yi war ci sumbi gëstu yi nga xam ne dañoo am-a-am solo.

Bu weesoo gëstu gi, dafa laaj itam ñu taxawal ci réew mi Pexey Xelal ci wàllu Mbey-Àll-Càmm (SNCASP), ngir mën a jëmale kanam xaralay mbey yu bees yi. Xelalu mbey-àll-càmm doon na loo xam ne dañoo jàpp ne njariñu ñépp la. Te itam doxalinu réew mi ci wàllu xelal ci mbey-àll-càmm, Nguur gi soppees na ko ba noppi doxal ko, ci kow àndam ak mbootaayi beykat yi, ci doxalinu xeeti mbey yeek liy màndargaal diwaan yi. Ni ñuy jëfe doxalin wii leeral nañu ko ciw tëralin.

Xelalukaayu mbey-àll-càmm dafa laal fànna yu bari. Ëmb na taxawaayu dooleel, xelal, siiwal, sooke, yeete, tàggat, xibaar ak defar diggante. Ay yëngoom, bari nañu te wuute ñeel: mbey, coppali, jottali, njaay, leble, xarala ak caytug li ñu wër.

Yi ñuy def ci wàllu mbey-àll-càmm ñu ngi leen di amal ci kow nas bu ñu amal ak Kurélu Réew miy toppatoo mbirum Xelal ci wàllu Mbey-Àll-Càmm (ANCASP), walla geneen kurél gu ñépp bokk, walla gu nit wallam mbooloo moom, te ñu nanguy mën-mënam ci fànna bii, walla ñu sos ko ngir lii.

Ngir mu mën a daj réew mi, gën a indiy tontu ci li dëkk yi laaj, dañoo taxawal ci diwaan bu nekk ab kómiteb diisoo ñeel way-yënguy xelalu mbey-àll-càmm. Kómite bii dafa dajale ndawi Nguur gi, yu mbootaayi beykat yi, Kurél yi Ajuwul ci Nguur (ONG), te tànn fànna bii ak bépp kurél bu am mën-mën yu ñu ràññee ci wàllu xelal ci mbey-àll-càmm. Ni mu war a doxe, wax nañu ko ci yoon wu ñu tëral.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 68 dog 1 : Aw Doxalinu Réew wu ñeel Gëstu ci Mbey-Àll-Càmm (SNRASP) lañu nas ba noppi di ko jëfe. Doxalin wii, li mu wund mooy ni ñuy doxale ngir lëkkale walla defar gëstu gi, ndax mu gën a mën a tegoo nisëri doxalinu yokkuteg mbey-àll-càmm gi tax a jóg ponk 6 bu àtte bii.**

**dog 3 : SNRASP a ngi nekk ci kiliftéefu Nguur geek gu mbootaayi beykat yi. Dafa ëmb Kurélu Réewum Senegaal biy toppatoo lépp luy gëtu ci wàllu Mbey (ISRA), Kurélug xaralay ñam (ITA), ak yeneen kurél yuy yëngu ci xam-xam yu xereñ yeek daara yu kowe yu am ay mën-mën, ci réew meek bitim-réew.**

**Ponk 69, dog 1 : Kurél giy toppatoo mbirum xelal ci wàllu mbey-àll-càmm, ñépp la fi nekkal. Liy tax xaralay mbey yu bees yi jëm kanam mooy : di taxawal ci réew mi Pexem Xelalaate ci wàllu Mbey-Àll-Càmm (SNCASP).**

**Ponk 70, dog 1 : Yi ñuy def ci wàllu mbey-àll-càmm ñu ngi leen di amal ci kow ub nas bu ñu amal ak Kurélu Réew miy toppatoo mbirum Xelal ci wàllu Mbey-Àll-Càmm (ANCASP), walla ak geneen kurél gu ñépp bokk, walla gu nit wallam mbooloo moom, te ñu nanguy mën-mënam ci fànna bii, walla ñu sos ko ngir lii.**

BUNT 17

# Koppar yi ñu jagleel yokkuteg mbey-àll-càmm

## 1. Li baat yi di tekki

**koppar yi ñu jagle**: mooy dugal xaalis boo xam ne moom lañuy amale lenn

**àtteb ngurd mi**: ab àtte la buy taxawal ak di tëral xaalis bi nguur gi nas ak jawriñ yi, ba noppi Péncum Ndawi Réew mi joxe ci ndigal

**kurélu ndenc ak lebalante**: xeeti bànk bu ñu sose ci teg yi doom-aadama yi mu soxal ak/walla ñu ci bokksi

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Àtteb gindikaay bi dina biral dogug Nguur gi ci jàpple ci wàllu koppar yokkuteg mbey-àll-càmm. Ci kow loolu la Nguur gi, ci kow àndandoom ak mbootaayi beykat yi, taxawale ba noppi doxal pexem réew miy jagle xaalis ak di dooleel yënguy mbey-àll-càmm. Bii feem dafay yombalal way-yënguy kow gi ñu jot ci xaalis bi war ci seeni yëngu-yëngu. Mën naa ëmb ay yëngu yu méngook diwaan yi ci kow seeni melo.

Ci kow pexem réew mi, lañu sose Nafa gi Réew mi jagleel Yokkuteg Mbey-Àll-Càmm (FNDASP), mu war a jàpple ci wàllu koppar, xelalukaayu mbey-àll-càmm ak ndimbalu kuréli liggéeyi mbey yi.

Anam yeek fi ñuy aw ak matukaay yiy dundal nafa gi, ak ni muy doxe, dañu leen a taxawal ciw tëralin wu méngook àtteb ngurd mi ñuy jagleel mbir yi. Dolli ci, Nguur gi sos na, ci àppub ñetti at gannaaw bu ñu dëggalee àtte bii, nafag ndimbal lu ñeel yeesalub liggéeyin yi aju ci mbey, te mu méngook àtteb

ngurd mi ñuy jagleel mbir yi. Nafa gii dafay bokk ci koppar yi ñu jagleel mbey mi rawatina jumtukaayi mbey yi, campug ndaw yiy bey te jot a am ab tàggat ci wàllu liggéeyu mbey ak yënguy caytu yu sax ñeel maytéef yi.

Li mujj mooy, ngir jëmale kanam ak yombal njagleem koppari yokkuteg mbey-àll-càmm, Nguur gi, ci kow diisoom ak mbootaayi beykat yi, taxawal na ba noppi di jëfe doxalinu jàpple kuréli ndenc ak lebalante yi, ci kow gi.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 71, dog 1 : Ab feem bu matale réew mi, ngir jagleel ay koppar ak jàpple yëngu yi ci wàllu mbey-àll-càmm la Nguur gi taxawal, ci kow àndam ak mbootaayi ñiy liggéey ci wàllu mbey.**

**Ponk 72 : Taxawal nañu ag Nafa gu Réew mi di jaglee Yokkuteg Mbey-Àll-Càmm (FNDASP), ngir génne xaalis bu jëm ci li gën a am solo, ci xelal ci wàllu mbey-àll-càmm ak di jàpple mbootaayi beykat yi. Anam yi ak ni ñu war a jaare ba jot ci koppar yii, ak ni muy doxe, taxawal nañu leen ci yoon wu ñu tëral, mu méngook àtteb ngurd mi ñuy jagleel mbir yi.**


**Ponk 73 : Nguur gi amal na, ci àppub ñetti at gannaaw bu ñu dëggalee àtte bii, costeg nafag ndimbal lu ñeel yeesalum liggéeyi mbey mu méngook àtteb ngurd mi. Jiba jii dafay bokk ci koppar yi ñu jagleel mbey mi, rawatina jumtukaayi mbey yi, campug ndaw yiy bey, te jot a am ab tàggat ci wàllu liggéeyu mbey ak yënguy caytu yu sax ñeel mayteef yi.**

TUDDE 5

# YENEEN MATUKAAY YEEK YI MUJJE

## Solo si

Tudde 5 bi dafa taxawal yeneen matukaayi àtteb gindikaayu mbey-àll-càmm, nga xam ne tomb yi ñu ciy naw ñooy : costeg Pénc mu Kawe muy Xelalaate ci wàllu Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm, campug kómite ci diwaan bu nekk, ngir gindikug mbey-àll-càmm, amalum Ndajem waxtaan wu yaatu at mu nekk, jagleel ko mbey, ngir gën a mën a doxal ak di sàmmonteek matukaay yi ñu nas.



# Li tudde 5 bi ëmb

**Dajale na bunt yii :**

- ☞ **Bunt 18 : Yeneen matukaay yi**
- ☞ **Bunt 19 : Matukaay yi mujje**

BUNT 18

# Yeneen matukaay yi

## 1. Li baat yi di tekki

**Jekkal (ab àtte)** : indi ay coppite (cib àtte) ngir mu gën a baax
**wéyal toppaatu bi** : topp am mbir di ko sàmm fu mu tollu
**farandoo ci yokkute gi** : doom-aadama yi nga xam ne dañuy liggéey ak ñoom, di jokkoo ak ñoom, ngir saxal yokkute gi

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Ngir doxalinu Àtteb Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm bi àntu, fàww mu jaar ci taxawal ay jumtukaayi topp. Dafay jaar itam ci way-yëngu yi mu soxal ràññee te jàppal seen bopp gindi yi ci àtte beek ni ñuy koy jëfandikoo, lii ci kow wéyal diisoo gi ñu fi samp. Ci kow loolu, ag Xelalukaay gu Kowe ñeel Gindi ci wàllu Mbey-Àll-Càmm taxawal nañu ko ci réew mi. Njiitu Réew mee ko jiite.

Sekertaryaam, maanaam ki koy doxal mooy Jawriñ ji ñu dénk mbey ci Nguur gi. Dafa ëmb ay ndaw yu teewal mbootaayi ñiy liggéey ci mbey mi.

Xelalukaay bee ame toppug ni ñuy doxale àtte bii, bu noppee joxe ay xalaat ci yi aju ci yokkuteg mbey-àll-càmm. Ni mu tëddeek ni muy doxe tënk nañu leen ciw tëralinu yoon.

Naka noonu, bu ñu nekkee cib diwaan, ag Kómiteb Gindikaayu Diwaan ñeel Mbey-Àll-Càmm lañu samp ci peggu Góornóoru diwaan bi. Sekertaryaam, njiitu yokkute gi ñeel kow gi ci diwaan bi moo ko ame, ba noppi mu ëmb ndaw ñi fa teewal mbootaayi beykat yi.



Kómiteb Diwaan bii moo ame toppaatub doxalinu àtte bii, bu noppee joxe ay xalaat ci li aju ci yokkute gu ñeel mbey-àll-càmm ci diwaan bi. Ni mu tëddeek ni muy doxe tënk nañu leen ciw tëralinu yoon.

Ci kiliftéefu Xelalukaay bu Kowe ñeel Gindiku ci wàllu Mbey-Àll-Càmm, la Nguur gi di amale at mu jot ndajem waxtaan wu yaatu. Njiitu Réew mee koy jiite, mu dajale ñiy yëngu ñépp ci liggéeyu mbey, mbootaayu sosyete siwil yeek farandoo yi yokkute soxal. Ndajem waxtaan wi dina wax fi ñu tollu ci doxalinu àtte bii, ba noppi yër bu baax-a-baax lépp lu aju ci kow gi.

Jawriñ ji ñu dénk mbey mi dina bind ab bataaxal buy indi ni ñu doxale àtte bii ak anam yi ñu ko jëfandikoo ci at mi. Bataaxal boobu dañu koy jébbal Njiitu Réew mi, Njiitu Péncum Ndawi Réew mi, Njiitu Pénc miy Xelal Réew mi, Njiitu Nawriñ yi ak ndawi mbootaayi ñiy liggéey mbey, ci 31 fan ci màrs at mu jot.

Àtteb Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm bii dees na ko yëraat, te su ko laajee ñu jekkal ko ci Pèncum Ndawi Réew mi ci àppub ñetti at yu dale bi ñu ko dëggalee, ak ci juróomi at yu nekk gannaaw bi ñu ko jëkkee yëraat. Ci kow loolu, Jawriñ ji ñu dénk mbey mi dafay taxawal lu jiitu, ànd ceek mbootaayi beykat yi, nattum jëfandikoom àtte bii. Natt bi su noppee dañu koy yóbbul Péncum Ndawi Réew mi.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

Ponk 75, dog 1 : Ab Xelalukaay bu Kowe ñeel Gindiku ci wàllu Mbey-Àll-Càmm lañu taxawal. Njiitu Réem mee ko jiite, ba noppi sekertaryaam bi, maanaam ki koy doxal, mooy Jawriñ ji ñu dénk mbey ci Nguur gi, mu ëmb ay ndaw yu teewal mbootaayi ñiy liggéey ci mbey mi.

Ponk 76, dog 1 : Ab Kómiteb Gindikaayu Diwaan ñeel Mbey-Àll-Càmm lañu samp ci peggu Góornóoru diwaan bi. Sekertaryaam, Njiitu yokkute gi ñeel kow gi ci diwaan bi moo ko ame, ba noppi mu ëmb ndaw ñi fa teewal mbootaayi beykat yi.

Ponk 77, dog 1 : Ci kiliftéefu Xelalukaay bu Kowe ñeel Gindiku ci wàllu Mbey-Àll-Càmm, la Nguur gi di amale at mu jot Ndajem Waxtaan wu yaatu. Njiitu Réew mee koy jiite, mu dajale ñiy yëngu ñépp ci liggéeyu mbey, mbootaayi sosyete siwil yeek farandoo yi yokkute soxal.

Ponk 79 : Àtte bii, dees na ko yëraat, te su ko laajee ñu jebbal ko ko ci Pèncum Ndawi Réew mi, ci àppub ñetti at yu dale bés bi ñu ko dëggalee, ak ci juróomi at yu nekk gannaaw bi ñu ko jëkkee yëraat.

Ci kow loolu, Jawriñ ji ñu dénk mbey mi dafay taxawal lu jiitu, ànd ceek mbootaayi beykat yi, nattub jëfandikoom àtte bii. Natt bii, su noppee dañu koy yóbbul Péncum Ndawi Réew mi.

# BUNT 19

# Matukaay yi mujje

## 1. Li baat yi di tekki

**neenal**: dindi, jële fi (su ñu dee wax lu jëm ci àtte walla beneen xët ci wàllu àtte)
**mën na dox**: tàmbali nañu mën koo jëfandikoo walla jëfe (àtte, walla xëtu àtte)
**moo fiy dox**: mën na dox (àtte, walla xëtu àtte)

## 2. Ni ñu war a dégge wax ji

Àtteb Gindikaayu Mbey-Àll-Càmm gii dafay far di neenal beneen matukaay bu fi yoon tegoon lu jiitu, ci fànna bi ñu nekk. Kon, li fi yoon tëraloon lépp, lu ci woroo àtte bii folliku na. Waaye, tëralin yi fi yoon sampoon yépp lu jiitu àtte bi, ñu leen di doxal te woroowuñook àtte bii, dañuy wéy di nekk, feek ñu leen di defaraat walla di leen folli ñoom itam.

Anam yi ñuy jëfandikoo àtte bii wax nañu ko ci yoonu tëralin. Ba noppi, jamono ju mu ko laajee, dinañu génne ay xëti mottali.

Gannaw bu ñu dëggalee àtte bii, ci kow xalaat yi ko lal ak ay jubloom, àtte yiy tëral lu jëm ci mbey ak yeneen yi ciy lonku, niki ndox mi, càmm gi, li ñu wër, àll yi, napp mi, kaaraangeg gàncax gi, wér-gi-yaramug jur gi, suuf yi, taxawalug dëkki taax yi dinañu leen yëraat te, su ko soxlaa, ñu jekkal leen.

Àtte bii dinañu ko jëfe niki àtteb Nguur.

## 3. NANU JÀPP PONK YU AM SOLO YII

**Ponk 81 : Anam yi ñuy jëfandikoo àtte bii wax nañu ko ci yoonu tëralin. Ba noppi, jamono ju mu ko laajee, dinañu génne ay xëti mottali.**

**Ponk 82 : Gannaaw bu ñu dëggalee àtte bii, ci kow xalaat yi ko lal ak ay jubloom, àtte yiy tëral lu jëm ci mbey ak yeneen yi ciy taq, niki ndox mi, càmm gi, li ñu wër, àll yi, napp mi, kaaraangeg gàncax gi, wér-gi-yaramug jur gi, suuf yi, taxawalug dëkki taax yi, dinañu leen yëraat te, su ko soxlaa, ñu jekkal leen.**